


Chantons le Seigneur!



*An nou chante
pou Granmèt la!*

*Salésiens de Don Bosco
Haïti - 2013*

« Réjouissez-vous sans cesse dans le Seigneur, je le dis encore, réjouissez-vous. Que votre bienveillance soit connue de tous les hommes. Le Seigneur est proche. N'entretenez aucun souci ; mais en tout besoin recourez à l'oraison et à la prière, pénétrées d'action de grâces, pour présenter vos requêtes à Dieu. Alors la paix de Dieu, qui surpasse toute intelligence, prendra sous sa garde vos cœurs et vos pensées, dans le Christ Jésus ».

(Ph 4, 4-7)

**« Moi, je suis la résurrection.
Qui croit en moi, fût-il mort, vivra ;
et quiconque vit et croit en moi
ne mourra jamais.
Crois-tu cela ? »**

(Jn 11, 25-26)

« O abîme de la richesse, de la sagesse et de la science de Dieu ! Que ses décrets sont insondables et ses voies incompréhensibles ! Qui en effet a jamais connu la pensée du Seigneur ? Qui en fut jamais le conseiller ? Ou bien qui l'a prévenu de ses dons pour devoir être payé de retour ? Car tout est de Lui et par lui et pour lui. A lui soit la gloire éternellement ! Amen. »

(Rm 11,33- 36)

« Si Dieu est pour nous, qui sera contre nous ? Lui qui n'a pas épargné son propre Fils mais l'a livré pour nous tous, comment avec lui ne nous accordera-t-il pas toute faveur ? ... Qui nous séparera de l'amour du Christ ? La tribulation. L'angoisse, la persécution, la faim, la nudité, les périls, le glaive ?... Mais en tout cela nous n'avons aucune peine à triompher par celui qui nous a aimés... »

(Rm 8, 31-37)

**« Pour moi, la vie c'est le Christ
et mourir représente un gain ».**

(Phl 1, 21)

Chantons le Seigneur!

***An nou chante
pou Granmèt la!***

Salésiens de Don Bosco
Haïti - 2013

Nihil obstat

P. Ducange Sylvain, SDB
Supérieur Vice-Provincial
des Salésiens d'Haïti
Fleuriot, le 1^{er} novembre 2013
Solennité de Tous les Saints

Imprimatur

Mgr. Louis N. Kébreau, SDB
Archevêque du Cap-Haïtien.
13 novembre 2013
Mémoire du Bienheureux Frère Artémide Zatti, sdb

7ème édition
Revue, corrigée et augmentée.

Réimpression de 2013

Salésiens de Don Bosco – Haïti

PRÉSENTATION

Elle est déjà longue la tradition de la Communauté des Salésiens de Don Bosco à Pétion-Ville d'offrir aux fidèles qui fréquentent notre chapelle un recueil de chants qui leur permette de participer de façon plus vive aux célébrations liturgiques. Au long des années les différentes éditions et mises à jour de ce recueil (1974, 1992, 2002) ont été favorablement accueillies dans toutes nos écoles et maisons ainsi que dans des paroisses et d'autres institutions religieuses en Haïti et même dans la diaspora haïtienne.

Il était temps de reprendre le travail tout en gardant le répertoire devenu traditionnel. L'orientation plutôt juvénile du choix des chants n'empêche pas d'avoir une gamme assez variée pour les différents types de célébrations liturgiques.

Nous devons reconnaître la dette énorme que nous avons envers tous ceux d'ici et d'ailleurs qui ont composé ces chants devenus patrimoine de toute l'Eglise. Nous leur sommes profondément reconnaissant de ce cadeau que, par eux, l'Esprit fait à son Église. Nous n'oublions pas en particulier l'immense service rendu depuis 1972 par le « *N-ap Réglé tout bagay an chantan* » ainsi que « *Flanbo* » compilés par le Foyer de Charité Sainte Marie.

Pour cette nouvelle édition de notre carnet de chant, nous avons gardé l'Ordinaire actuel de la messe en français et en créole. Puis, pour faciliter le prolongement de la prière communautaire dans la vie, nous continuons à proposer, à la fin du recueil, des prières traditionnelles du bon chrétien. Nous avons ajouté aussi les références des lectures bibliques pour les Messes de toute l'année.

Le 16 août 2015 nous fêtons le bicentenaire de la naissance de Saint Jean Bosco dont les filles et les fils spiri-

tuels sont présents en Haïti depuis 1935/1936. Nous rappelant l'enthousiasme suscité par le passage de ses reliques chez nous (du 8 au 17 juillet 2010), nous proposons à tous – et aux jeunes de nos maisons, en particulier – quelques pages traduites en créole de son ouvrage « *Il giovane provveduto...* » (« *Le jeune instruit par la pratique de ses devoirs dans les exercices de piété chrétienne* »), où il indiquait la manière de « servir le Seigneur dans la joie » afin de devenir de bons chrétiens parce qu'honnêtes citoyens et d'honnêtes citoyens parce que bons chrétiens.

La Bénédiction de Marie Auxiliatrice, dévotion propre à la Famille Salésienne, placée après les Prières Eucharistiques, doit nous aider à mieux vivre la présence maternelle de Celle qui aux dires de Don Bosco « a tout fait » dans sa vie. Puisse Marie, Secours des Chrétiens, bénir ce recueil de chants, ceux qui ont travaillé à sa réalisation et surtout aider nos assemblées liturgiques à reconnaître les merveilles du Seigneur pour chanter sous la mouvance de l'Esprit notre « Magnificat ».

Puisque le Seigneur marche à nos côtés pour bâtir avec nous une Haïti nouvelle tournée vers l'avenir grâce aux jeunes et à tous ceux qui découvrent en Jésus le sens de leur vie et la force d'une espérance nouvelle, « *Chantons le Seigneur !* », « *An nou fè lwanj pou Granmèt la !* ».

Fleuriot, le 1^{er} novembre 2013
Solennité de Tous les Saints

P. Ducange Sylvain, sdb
Supérieur des Salésiens de Don Bosco
en Haïti

POU JÈN-YO KAPAB VIV AN KRÉTYIN TOUT BON

Saint Jean Bosco ¹

Nan stil langaj épòk li-a, sin Jan Bosco ap montré jèn li té gin kontak avèk yo-a kijan pou yo viv lavi krétyin-an an plin dapré posibilite laj yo ginyin-an. Sa fè nou sonjé kijan nan lèt Apot-yo nan Nouvo Téstaman-an – an patikilié lèt sin Pòl-yo – toujou gin indikasyon sou konsékans pratik lafoua nan Jézu ki résisité-a ginyin nan lavi moun ki résevoua batèm-nan, nouvo nésans-la nan lagras-la, apré yon konvèsion ki fè yo soti nan mòd lavi ki pa-t konfòm ak volonté Bondié nan rinmin ak vérité-a.

Timoun ak jèn sin Jan Bosco ap palé ak yo-a déjà résevoua batèm-nan ak lòt sakrèman inisiasion krétyin-an (Konfirmasion, Ékaristi) épi yo kòman-sé aprann Konfésé antan y-ap grandi nan priyè-a ak charité-a épi y-ap préparé avni yo nan étid klasik oubyin profèsionèl, ginyin minm ki té déjà kòmansé ap travay.

Antan-l sipozé tout aspè sa-yo épi antan-l konnin y-ap chèché viv pi plis an kominion ak Jézu-Kri ki vivan nan lavi yo, l-ap édé yo maché sou rout-la san yo pa pè, san yo pa gadé dèyè.

Kondision lavi jèn-yo ak timoun-yo chanjé anpil jodi-a épi gin nan konsèy li bay-yo ki bézouin kèk ajistèman pou tan kounié-a (dévan mouayin kominikasyon-yo parégzanp). Min témouagnaj li-a valab toujou, toupatou sou tè-a, lè nou konprann intansion ki dèyè chak konsèy épi, lè nou viv yo antan nou byin adapté yo, n-ap ouè jan yo korésponn a sa tout jèn k-ap grandi bézouin pou-l maché nan chémin Kris-la. Sin Jan Bosco té konnin sa-k nan finfon kè jèn-yo : souaf yon lavi an plin... Épi li té montré yo *chémin-an, vérité-a ak lavi-a* : Jézu-Kri !

¹ Tradiksion épi adaptasion an kréyòl prémié pati « manùèl dévotion » sin Jan Bosco té ékri pou jèn apranti, élèv ak séminarist (latinist) ki té nan kay Valdocco-a nan Turin (Italie) an 1846 : « *Il giovane provveduto per la pratica de suoi doveri negli esercizi di cristiana pietà* per la recita dell'Uffizio della B. Vergine, dei Vespri di tutto l'anno e dell'Uffizio dei morti coll'aggiunta di una scelta di laudi sacre pel Sacerdote Bosco Giovanni » (*Le jeune instruit par la pratique de ses devoirs dans les exercices de piété chrétienne* par la récitation de l'Office de la Bienheureuse Vierge, des Vêpres de toute l'année et de l'Office des défunts avec *une anthologie de chants sacrés* par le Père Jean Bosco). Anvan li mouri, 31 janvié 1888, Don Bosco té fè plis pasé yon santèn édision ak koréksion épi ogmantasion. Nou pran tèks nou tradui-a nan 42èm édision-an (Torino, Tipografia e libreria dell'oratorio di S. Francesco di Sales, 1875) épi nan édision 1880-an pou dènié atik sou disènman vokasyonèl-la. Sé P. M. Elder Hyppolite, sdb, ki fè tradiksion sa-a, nou di-l mèsi anpil.

Gid

Pou jèn-yo

PRÉMIÉ PATI

Kijan pou yon jèn vîn douat nan kè-l ak nan léspri-l.

1. Konnin Bondié.
2. Bondié rinmin jèn-yo anpil.
3. Nòmalmán sé nan désizyon yon moun pran lè-l jèn l-ap sové.
4. Premié kalité yon jèn doué ginyin sé obéyisans pou paran-l yo.
5. Osijè respè nou doué ginyin pou légliz-yo épi bagay sakré-yo.
6. Fè bon léktu épi kouté Paròl Bondié-a.

Sa jèn-yo doué rété louin-yo nèt.

- I. Kanpé louin parès.
- II. Kanpé louin mové konpagnon-yo.
- III. Évité mové konvèsasion.
- IV. Évité tounin kòz 'skandal'.
- V. Fason pou nou konpòté nou nan tantasion-yo.
- VI. Kèk pièj malin-an sèvi ak yo pou tronpé jèn-yo.
- VII. Rékòmandasion pou jèn ki fè pati yon group oubyin yon asosiasion krétyin oubyin yon patronaj.

[...]

Dévosion pou la Trè Sint Vièj Mari.

[...]

Osijè sakréman konfésion-an.

Dispozision ki nésèsè pou nou kapab fè yon bon konfésion.
Yon métòd pratik pou nou byin konfésé.
Konfésion-an minm.
[...]

Préparasion pou résévoua la Trè Sint Kominion.

Kominié souvan-an.
Priyè pou nou préparé nou pou résévoua sint Kominion-an.
Anvan nou kominié.
Apré kominion-an.
[...]

Pou jèn-yo kapab dékouvri vokasion yo.

Pou jèn-yo

Pou fè jèn-yo rété louin sa-k byin ak sa-k bèl, sa yo rélé vèrtu-yo, sé ak manti malin-an sèvi, épi min dé pi gro manti li konn ba yo.

Prémié-a sé fè yo kouè rété nan sèvis Grammèt-la sé viv yon lavi tris antan ou pap kapab ni ri ni joué ankò. Min sé pa konsa sa yé, zanmi-m yo, jèn-yo.

Mouin vlé montré nou yon fason pou nou viv lavi-nou kòm krétyin k-ap ba nou kè kontan épi montré nou kisa ki plézi tout bon vré, yon fason pou nou kapab di ansanm ak roua David : « An nou sèvi Grammèt-la ak kè kontan » (Psòm 100,2).

Présizéman sé objéktif ti liv sa-a, rété nan sèvis Grammèt-la épi viv nan kè kontan.

Dézièm manti-a minm sé fè yo kouè y-ap viv lontan épi apré y-a gin tan chanjé lavi épi konvèti sot nan mové konpòtman yo, lè yo pral mouri. Fè atansion, piti mouin-yo, gin anpil moun ki tonbé nan pèlin sa-a. Kilès ki ba nou garanti n-ap viv joutan nou rivé granmoun ? Sé kòm si nou t-a mété nou dakò ak lanmò-a pou-l ré tann nou jous lè sa-a : min lavi ak lanmò sé nan min Grammèt-la yo yé, pou jan li vlé ak lè li vlé.

Si Bondié t-a fè nou kado yon lavi ki long, tandé ki konsèy li ba nou : « Chémin moun-nan pran lè-l jèn-nan, sé li minm l-ap kontinié jous li mouri » (cf. Provèb 22,6). Épi sa vlé di : si nou komansé viv yon lavi ki douat dépi kounié-a pandan nou jèn-nan, n-ap viv douat tou lè n-ap avansé nan laj, épi lanmò-nou ap kòmansman kontantman lavi pou tout tan-an. Min okontrè si nou tonbé nan tout kalité vis ak mové abitud pandan nou tou jèn-nan, probabléman n-ap kontinié konsa nan tout etap lavi nou jous nou mouri, bagay ki t-a garanti térib soufrans pou tout tan-an. Pou yon malè konsa pa rivé nou, m-ap prézanté nou yon métod byin kout, byin fasil pou nou minnin lavi-nou, min tou ki valab pou nou kapab tounin konsolasion paran nou-yo, onè péyi nou-an, bon sitouayin sou tè-a pou nou kapab jouinn bonè rivé abité yon jou pou tout tan nan sièl-la. [...]

Zanmi-m yo, mouin rinmin nou ak tout kè-m, épi dépi sé jèn nou yé sa sifi pou mouin rinmin nou tout bon. Sé trézò bon kalité-yo pou nou kinbé nan kè nou, sé bon abitud pou nou pran. Si nou posédé trézò sa-a, nou gin tout bagay ; si nou pèdi-l sé nou minm k-ap pi pòv épi pi maléré sou tè-a.

Sé pou Granmèt-la avèk nou, sé pou-l ba nou lagras pou antan n-ap pratiké kèk ti konsèy m-ap ba nou-yo nou rivé sovè nanm-nou épi bay Bondié gloua pi plis toujou, sé sèl objéktif ti liv sa-a.

Sé pou Bondié ba nou anpil bèl ané lavi nan kè kontan, sé pou krintif pou Bondié-a ak respè pou li-a tounin gran richès sa-a k-ap fè nou jouinn an kantité tout gras nou bézouin sot nan sièl-la dépi kounié-a épi pou tout étènitè-a. [...]

PRÉMIÉ PATI

Kijan pou yon jèn vîn douat nan kè-l ak nan léspri-l

1. Konnin Bondié

Lévé jé-nou, timoun mouin-yo, épi gadé tout sa-k nan sièl-la ak sou tè-a. Solèy-la, lalîn-nan, étoual-yo, lè-a, dlo-a, difé-a, tout bagay sa-yo gin yon lè yo pa-t égzisté. Sé Bondié ki gin tout pouvoua-a ki fè yo vîn égzisté apati anyin, sé poutèt sa yo rélé-l Kréatè.

Bondié sa-a ki té toujou égzisté-a é k-ap toujou égzisté-a, apré-l fin kréyé sa-k nan sièl-yo ak sa-k sou tè-a, li té fè moun-nan, kréati ki gin plis pèfèksion nan tout sa yo kapab ouè-yo.

Konsa jé-nou, pié-nou, bouch-nou, lang-nou, zòrèy-nou, min-nou, yo tout sé kado Granmèt-la fè nou.

Moun-nan distingé nan pami tout lòt bèt-yo spésialman paské li gin yon nanm ki kapab réfléchi, ki rasionèl épi ki konnin sa-k byin ak sa-k mal. Nanm sa-a kòm li spirituèl, li pa kapab mouri ansanm ak kò-a (cf. Matié 10,28), min lè yo va antéré kò-a, nanm-nan pral kòmansé yon lòt lavi ki pap janm fini (cf. Luk 16,22-31). Si moun-nan té fè byin, l-ap nan kontantman pou tout tan ak Bondié nan Paradi-a koté l-ap joui tout byin-yo étènèlman (cf. 2 Korintyin 5,10) ; si-l té fè mal, sé chatiman térib yo rélé lanfè-a k-ap tonbé sou li, pou-l soufri pou tout tan nan tout kalité toumant.

Min fè atansyon, timoun mouin-yo, nou tout sé pou Paradi-a Bondié kréyé nou, épi li minm ki yon papa ki plin rinmin, li soufri anpil lè li ouè youn nan pitit li-yo kondané tèt-li nan lanfè-a.

Ah ! Pi plis toujou, Granmèt-la rinmin nou épi li vlé nou fè sa ki byin pou-l kapab fè nou patisipé nan gran kè kontan li préparé pou tout moun nan Sièl-la.

2. Bondié rinmin jèn-yo anpil

Antan nou kouè tout bon vré sé pou Paradi-a Bondié kréyé nou tout, zanmi-m yo, jèn-yo, nou doué orianté tout sa n-ap fè nan diréksion final sa-a. N-ap rivé fè sa si nou konsidéré rékonpans Bondié mété dévan nou-an ak chatiman k-ap ménasé nou-an, min sa-k doué pousé nou fè pi plis éfò toujou pou nou rinmin-l épi sèvi-l sé poutèt grandè kalité rinmin li gin pou nou-an. Paské, minm si-l rinmin tout moun li kréyé ak pròp min-l, poutan li gin yon aféksion byin spésial pou jèn k-ap grandi-yo, sé poutèt sa li di li jouinn gran plézi pou-l rété bò koté nou : *Plézi-m sé rété ak pitit moun-yo* (Provèb 8,31). Li rinmin nou paské nou gin tan toujou pou nou aji byin ; li rinmin nou paské nou nan yon laj ki gin sinplisité, dosilité, inosans, épi an jénéral, ki poko tonbé anba grif ènmi k-ap ralé moun nan lanfè-a.

Sovè nou-an té montré nou byinvéyans spésial sa-a. Li ba nou asirans li konsidéré sé li minm minm yo fè tout byin yo fè pou timoun-yo. Li ménasé ak paròl téréb moun k-ap fè timoun-yo tonbé nan péché poutèt paròl y-ap di yo oubyin aksion y-ap fè dévan yo. Min paròl li-yo : « Si yon moun lakòz youn nan ti piti sa-yo tonbé, yo minm ki koué nan mouin-an, li t-a pi bon pou li, pou yo pandié yon ròch moulin nan kou-l, épi pou yo nouayé-l nan fon lanmè-a » (Matié 18,6). Sa té fè-l plézi pou timoun-yo té suiv li, li té konn rélé yo vîn jouinn li, li anbrasé yo épi li ba yo bénédiksion-l nan ki sin-an. Li té konn di : Kité, kité ti moun-yo vîn jouinn mouin (Matié 19,14), antan konsa li fè konnin byin klè kijan nou minm, jèn-yo, nou sé kontantman kè-l.

Dèské Granmèt-la sitèlman rinmin nou nan laj nou ginyin-an, kijan nou pa ta doué pran fèm rézolisyon pou nou korésponn a rinmin sa-a, pou nou fè tout sa ki kapab fè-l plézi, pou nou évité tout sa li pa t-a rinmin !

3. Nòmalmman sé nan désizyon yon moun pran lè-l jèn l-ap sové

Sé dé kondision ki préparé pou nou nan lòt lavi-a. Kondision lanfè-a pou sa-k mové-yo, koté y-ap soufri tout kalité touman ; kondision Paradi-a pou sa-k bon-yo, koté y-ap joui tout byin-yo. Min Granmèt-la fè nou konnin si nou kòmansé pran bon chemin-an dépi nou jèn, sé konsa n-ap rété nan rèz lavi-nou, sé sa k-ap fè nou jouinn kouròn gloua-a ak kontantman-an. Okontrè mové chemin nou kòmansé pran dépi lè nou jèn-nan, li fasil pou nou kontinué-l jous nou mouri, épi l-ap kondui nou san mank nan lanfè-a.

Sé poutèt sa, si nou ouè yon moun fin granmoun épi l-ap koulé bouéson jous li sou, l-ap joué-d-aza, l-ap di gro mo, l-ap dérespékté Bondié, an jénéral nou kapab di : Sé dépi-l té jèn li té kòmansé nan vis sa-yo : « Chémin moun-nan pran lè li jèn-nan, sé li minm l-ap kontinié jous li mouri » (Provèb 22,6). Aa ! pitit mouin-yo, Bondié di nou : « Sonjé Kréatè-ou la nan tan lè-ou jèn » (cf. Éklézias 12,1). Épi nan yon lòt koté li déklaré kontantman pou moun ki kòmansé kinbé kòmandman-yo dépi-l té tou jèn. « Ala kontantman pou moun ki té poté jouk-la dépi li té tou jèn » (Lamantasion 3,27). Sin-yo té byin konnin vérité sa-a, spésyalman sint Roz de Lima, sin Loui d’Gonzag, yo minm ki té kòmansé dépi laj sink an ap sèvi Granmèt-la ak tout kè, lè yo té vîn pi gran yo pa-t jouinn plézi nan anyin dèt pasé nan sa-k konsènè Bondié ; épi konsa yo té vîn gran sin. Nou kapab di minm bagay-la pou pitit Tobi-a, li minm dépi-l té tou jèn li té toujou obéyi, antan-l soumèt bay volonté paran-l yo nan tout bagay (cr. Tobi 1,10). Paran-l yo té mouri épi li minm li kontinié viv kòrèk jous nan lanmò-l.

Min gin kèk nan nou ki pral di, si nou kòmansé sèvi Granmèt-la dépi kounié-a, n-ap vîn tris épi étranj. M-ap réponn yo, sé pa vré. Sé moun k-ap sèvi diab-la k-ap vîn tris épi étranj, paské minm si-l t-a fè éfò pou-l montré li kontan, poutan l-ap toujou gin konsians-li troublé épi kè-l k-ap di-l : Ou sé yon mizérab, paské ou sé ènmi Bondié. Ki moun ki té pi jantiy épi ki té pi sourian pasé sin Loui d’Gonzag ? Ki moun ki té pi blagè épi jovial pasé sin Filip Néri ? Époutan tout lavi yo, yo t-ap pratiké vèrtu bon kalité-yo san rété.

Donk kouraj, zanmi-m yo, kòmansé maché kòrèk byin bonè, mouin ba nou asirans n-ap toujou gin kè léjé, kè kontan, épi n-ap ékspérimanté kijan sa dous, sa bon, pou nou sèvi Granmèt-la (cf. Psòm 33,9).

4. Prémie kalité yon jèn doué ginyin sé obéyisans pou paran-l yo

Minm jan yon ti pié boua, minm si-l nan yon bon tè anndan yon jadin, kapab pran mové pli épi fini mal si yo pa pran souin-l épi kondui-l konsa joutan li vîn grandi ; konsa tou, nou minm, zanmi-m yo, jèn-yo, n-ap pran mové pli tou si nou pa kité moun ki gin réponsabilité dirijé nou kondui nou. Nou jouinn bon diréksion sa-a nan paran nou-yo ak moun ki ranplasé yo : sé pou nou obéyi yo an konsians. Réspékté papa-ou ak manman-ou épi ou-a viv lontan sou tè-a, sé sa Granmèt-la di (Égzòd 20,12 ; Matié 19,19 ; Éfézyin 6,2). Min nan kisa pou nou onoré yo-a ? Sé nan obéyisans-la, nan respè-a épi nan ba yo asistans yo bézouin-an. Nan obéyisans-la : poutèt sa lè yo mandé

nou fè kichòy, sé pou nou fè-l tousuit san nou pa montré nou rékalsitran, épi sitou fè atansyon pou nou pa nan pami sa k-ap monté zépòl, k-ap sékoué tèt oubyin sa-k pi rèd toujou, k-ap réponn ak insolans. Sa-yo ap déréspékté paran yo anpil épi Bondié li minm, paské sé Bondié ki kòmandé nou bagay sa-a oubyin yon lòt pa lintèmediè yo. Sovè nou-an, minm si-l gin tout pouvoua, pou-l té aprann nou obéyi, li té soumèt tèt-li nan tout bagay bay la Trè Sint Vièj Mari épi Sin Jozèf, antan-l travay kòm bès chapant : *Épi li té soumèt dévan yo* (Luk 2,51). Apré sa, pou-l kapab obéyi Papa-l ki nan sièl-la, li mouri antan l-ap soufri sou koua-a : *Li vîn obéyisan jous nan lanmò* (Filipin 2,8).

Sé konsa tou pou nou respékté papa-nou ak manman-nou. Fè atansyon pou nou pa kòmansé anyin san pèmision yo, oubyin pou nou montré nou pa gin pasians avèk yo, oubyin pou n-ap fè konnin défo yo ginyin. Sin Loui pa-t pran désizyon fè anyin san pèmision, épi si pa-t gin pèsonn lòt moun, li té mandé domestik-yo pèmision.

Lè Loui Comollo té jèn, yon jou li té obligé alé louin paran-l yo pi plis pasé sa yo té pèmèt li. Min lè-l tounin lakay li bésé tèt-li pou-l mandé padon antan l-ap kriyé poutèt dézobéyisans li té fè san-l pa-t vlé-a.

Minm jan-an nou doué asisté paran nou-yo nan sa yo bézouin, soua pou travay nan kay-la, sa nou kapab fè-yo, épi pi plis toujou antan nou rimmèt yo tout lajan, kado, ak lòt bagay nou kapab vîn ginyin, épi sèvi ak yo dapré sa yo minm y-ap konséyé nou. Konsa tou sé yon obligasyon pou yon jèn krétyin pou-l priyé chak matin épi chak soua pou paran-l yo, pou Bondié kapab ba yo tout favè spirituèl épi tanporèl.

Tout sa mouin di nou osijè paran nou-yo sé minm jan sa yé tou pou tout lòt réponsab nou nan légliz-la oubyin nan sosiété-a, minm jan pou profèsè nou-yo, yo minm nou doué résévoua ansègnman, konsèy épi koréksion y-ap ba nou ak umilité épi respè, soua paské tout sa y-ap kòmandé nou-yo sé pou pi gran avantaj-nou, soua paské lè nou obéyi réponsab nou-yo sé tankou si sé Jézu-Kri ak la Trè Sint Vièj Mari nou t-ap obéyi.

Gin dé bagay m-ap mandé nou ak tout kè-m. Premié-a, sé pou nou sinsè ak granmoun-nou, san nou pa kouvri mankman nou-yo ak fosanblan, épi pi mal toujou antan n-ap bay manti. Sé pou nou toujou di vérité-a franchman, paské manti fè nou tounin pitit diab-la ki « prins manti-a » (cf. Jan 8,44), épi sa fè lè vérité-a ap parèt aklè y-ap konsidéré nou tankou mantè épi réponsab nou-yo ak konpagnon nou-yo pap respékté nou. Dézièmman, m-ap mandé nou pou nou fè konsèy

ak rémak résponsab nou-yo tounin règléman pou dirijé lavi-nou ak aksion-nou. Ala kontantman pou nou si nou aji konsa ! n-ap gin kè kontan nan lavi-nou, tout sa n-ap fè ap byin òdoné épi ap fè tout moun plézi. Sé poutèt sa m-ap fini antan m-ap di nou : Ban mouin yon jèn ki obéyisan épi l-ap vîn sin. Sinon, li nan yon chémin k-ap minnin-l nan pèdision.

5. Osijè respè nou doué ginyin pou légliz-yo épi bagay sakré-yo

Obéyisans ak respè pou résponsab nou-yo maché ansanm ak respè pou légliz-yo ak tout sa-k konséné rélijion-an. Nou sé krétyin, sé poutèt sa nou doué gin anpil respè pou tout sa ki konséné kondision sa nou yé-a, épi spésialman légliz-la, yo rélé « tanp Grammèt-la », « koté ki sin », « kay priyé-a » (cf. Matié 21,13). Tout sa nou mandé Bondié nan légliz-la n-ap jouinn li : *Ladan-l tout sa-l mandé l-ap résévoua-l* (cf. Matié 7,8). Aa ! ti pitit mouin-yo, ala kontan nou fè Jézu-Kri kontan, ala bon égzanp nou bay fidèl-yo, lè nou priyé ak dévotion épi an silans ! Lè sin Loui t-apral légliz, moun té konn kouri pou gadé-l épi tout moun té byin kontan ouè jan li konpòté-l ak respè. Lè n-a rivé nan légliz-la san nou pa kouri ni fè bri, sé pou nou pran dlo bénit pou nou fè sign koua-a sou nou épi sé pou nou mété ajénou pou nou adoré la Trè Sint Trinité ak toua *Gloria Patri*.

Si li poko lè pou fonksion litijik-yo, nou kapab résité « Sèt kontantman Mari-yo » oubyin fè yon lòt priyé. Fè atansyon pou nou pa ap plédé ri nan légliz-la, oubyin palé san bézouin, paské yon paròl oubyin yon griyin dan sifi pou troublé lòt moun ki vîn priyé nan légliz-la. Sin Stanislas Kostka té tèlman konsantré ap lapriyé nan légliz-la, sa konn fè anpil foua li pa-t tandé y-ap rélé-l, ni santi ralé domestik-yo t-ap ralé rad-li pou yo di-l li lè pou-l tounin lakay.

Apré sa, mouin rékòmandé nou pou nou gin yon gran respè pou prèt-yo ak rélijyé-yo (pè, mè, frè). Sé poutèt sa, sé pou nou résévoua ak respè indikasyon y-ap ba nou ; rétiré chapo sou tèt-nou kòm sign respè lè n-ap palé ak yo oubyin lè nou rankontré yo nan lari. Fè atansyon pou nou pa manké yo respè ni nan sa nou fè ni nan sa nou di. Kèk ti jèn ki té pasé profèt Élizé nan jouèt antan y-ap ba-l mové non, Bondié té fè dé manman ous soti nan yon forè épi yo té fonsé sou yo antan yo déchikté karant nan yo (cf. 2 Roua 2,23-24). Moun ki pa respékté minis sakré-yo doué rét tann gran chatiman nan min Grammèt-la (cf. Matié 10,40). Si nou t-a gin pou palé osijè yo, sé pou nou imité Loui Comollo, ki té konn di : « Osijè prèt-yo oubyin nou palé byin oubyin

nou pa di anyin ditou ». Mouin doué avèti nou tou pou nou pa ront montré sé krétyin nou yé andéyò légliz-la tou. Sé poutèt sa, lè n-ap pasé dévan yon légliz oubyin yon imaj la Vièj Mari oubyin lòt sin-yo, pa pasé san nou pa rétiré chapo-nou kòm sign respè. Konsa n-a montré se krétyin tout bon vré nou yé épi Granmèt-la ap konblé nou ak bénédiksion pou bon égzanp nou bay prochin-nou.

6. Fè bon léktu épi kouté Paròl Bondié-a

An plis priyè nou abitué fè chak matin épi chak soua, m-ap ankourajé nou pou nou pasé kèk tan ap li kèk liv ki palé sou lavi spirituèl-la, tankou : *l'Imitation de Jésus-Christ*, *l'Introduction à la vie dévote* sin Fransoua d'Sal té ékri-a, *Préparation pou lanmò-a* sint Alfons té ékri-a, *Jézu nan kè jèn-yo*, lavi kèk sin oubyin kèk lòt liv minm jan-an.

Si nou li kèk pasaj nan liv mouin sot sité-yo, nanm-nou ap jouinn gran avantaj nan sa. Épi apré sa n-ap gin doub mérit dévan Bondié, si sa nou li-a nou rakonté-l bay lòt, oubyin nou li-l pou yo, sitou pou sa-k pa konn li-yo.

Minm jan kò-nou ap malad épi mouri si-l pa jouinn manjé, konsa tou nanm-nou ap yé si nou pa ba-l manjé. Nouriti ak manjé pou nanm-nou sé Paròl Bondié-a, sètadi prèch-yo, ésplikasyon Évanjil-la épi katéchis-la. Poutèt sa sé pou nou fè éfò rivé légliz-la atan, antan nou fè atansyon o maksimòm pou nou kapab apliké nan lavi-nou sa ki korésponn a kondision-nou. Épi li impòtan anpil pou nou pou n-al nan katéchism-nan. Pînga nou di : Mouin déjà fè premié kominion-m ; paské minm lè sa-a nanm-nou bézouin manjé minm jan ak kò-a ; épi si nou pa bay nanm-nou manjé sa-a, n-ap riské gran domaj spirituèl.

Véyé tou pou nou pa tonbé nan pièj diab-la lè l-ap di nou : *Sa-a sé pou konpagnon-m nan Piè, sa-a bon pou Pòl*. Non, zanmi-m yo, prédikatè-a ap palé avèk nou épi nou doué apliké vérité l-ap di-yo pou pròp tèt pa-nou. Dayè, sa-k pa sèvi pou korijé nou parapò a sa-k déjà pasé ap sèvi pou prezèvé nou parapò a kèk péché ki kapab rivé.

Lè nou tandé prèch-la fè éfò pou nou sonjé-l épi pandan jounin-an, spésyalman asouè anvan nou dòmi, pran yon ti tan pou nou réfléchi sou sa nou té tandé-yo. Si nou fè konsa, sa ap poté anpil bénéfis pou nanm-nou.

M-ap mandé nou tou pou nou fè sa nou kapab pou n-al nan parouas-nou pou nou ranpli dévoua-nou kòm krétyin antan nou konnin Bondié mété Kiré Parouas-la pou-l pran souin nanm-nou.

Sa jèn-yo doué rété louin-yo nèt

1. Kanpé louin parès

Prémié pièj malin-an mété dévan jèn-yo sé parès-la, sous térib koté tout lòt vis-yo soti. Sé pou nou gin konviksion sa-a, zanmi-m yo, moun-nan fèt pou-l travay épi dépi li réfizé fè sa, li désantré épi li nan gran danjé pou-l ofansé Granmèt-la. L'Éspri-Sin-an di nou parès-la sé papa tout mové mès-yo, épi bay tèt-ou okipasion konbat yo tout épi li ranpòté viktoua sou yo. Nan pouin bagay ki toumanté moun ki mét tèt-yo nan lanfè plis pasé parès yo té fè nan tan Bondié té ba yo pou yo té kapab sovè-a. Okontrè nan pouin pi gran konsolasion pou sa-k nan Paradi-yo pasé tan yo té sèvi avèk li pou Bondié ki fè yo jouinn yon kontantman pou tout tan.

Mouin pa vlé di nou pou sa pou nou okipé dépi matin jous asouè san nou pa pran souf, paské mouin vlé ouè byin-nou épi nou doué pran tan pou détant ki pa minnin nan péché. Min kanminm, mouin rékò-mandé nou pou nou pran rékréasion-nou pito antan n-ap fè kichòy k-ap sèvi nou kòm détant épi an minm tan ki itil. Tankou parégzanp lè nou étidié istoua péyi-yo sou tè-a, lè nou dékouvri jéografi-a, lè nou aprann diféran téknik mékanik ak brikolaj épi lòt art ménajé-yo k-ap répozé léspri-nou épi an minm tan fè nou vîn gin yon bann konésans k-ap itil nou antan yo onèt é y-ap fè kè réponsab-nou kontan. Apré sa nou kapab pran plézi-nou tou nan jouèt ak lòt divètisman onèt. Min pa fè sa san pèmision épi chèché pito jouèt ki mandé égzèsis fizik paské yo bon anpil pou santé kò-a.

Min rété louin jouèt k-ap chèché troupé moun, vòlè oubyin joué daza ak lòt bagay minm jan-an k-ap kréyé goumin épi pasé konpagnon-nou nan rizib.

Pandan n-ap joué, pandan n-ap palé ak lòt-yo oubyin nan lòt détant-yo, lévè kè-nou bò kot Granmèt-la tanzantan, antan nou ofri-l divètisman sa-yo pou onè-l ak pou gloua-l. Yon foua yo té mandé sin Loui d'Gonzag, pandan li t-ap konvèsé ak kèk kanmarad épi li t-ap joué ak kè kontan, kisa-l t-a fè si nan moman sa-a yon Anj t-a vîn anonsé-l nan kinz minit Granmèt-la t-apral rélé-l pou jijman-an ? Li réponn tousuit li t-ap kontinué joué, antan-l ajouté : « Paské mouin konnin jouèt sa-yo fè Granmèt-la plézi ».

Apré sa, sa-m mandé nou ak insistans pandan pastan-yo ak rékréasion-yo sé pran prékosion rété louin mové konpagnon-yo.

2. *Kanpé louin mové konpagnon-yo*

Gin toua kalité konpagnon. Gin sa-k bon-yo épi gin sa-k pa bon-yo ; apré sa gin kèk ki pa mové nèt, min ou pa ka di yo bon. Rété ak premié-yo sa ap bon pou nou ; dènié-yo nou gin doua avèk yo lè sa nésésè san nou pa frékanté yo tròp. Sa-k pa bon-yo minm sé pou nou rété louin yo nèt. Min kilès ki mové konpagnon sa-yo ? Fè atansyon épi n-ap ouè kilès yo yé. Tout jèn kanmarad sa-yo ki pa ront bay vie blag sal oubyin di gro mo, oubyin bougonnin kont réponsab yo, oubyin bay manti, fè fo-sèman, jouré, blasfémé oubyin ankò sa k-ap chèché fè nou pa priyé, pa al légliz, sa k-ap konséyé nou vòlè, dézobéyi paran-nou oubyin pa fè dévoua-nou, tout sa-yo sé mové konpagnon, minis satan, é nou doué pasé pi louin yo toujou pasé si té diab-la an pèsòn. Ay, Zanmi-m yo ! Ak dlo nan jé-m m-ap sipliyé nou pou nou rété louin kalité konpagnon sa-yo.

Tandé sa Granmèt-la di : « Sa-k maché ak moun ki gin vèrtu, l-ap vîn gin vèrtu tou (cf. Provèb 13,20). Zanmi sa-k sòt-la ap vîn minm jan avè-l (cf. Éklézias 10,3). Kanpé louin mové konpagnon-an tankou si sé té yon sèpan plin vénin : *tamquam a facie colubri* » (cf. Sirasid 21,2). An rézimité, si nou maché ak sa-k bon-yo, mouin asiré nou nou pral nan Paradi ak bon-yo. Okontrè si nou frékanté konpagnon ki koronpi-yo nou minm tou n-ap koronpi ak danjé pou nou pèdi nanm-nou nèt.

Gin kèk moun ki kapab di : « Mové konpagnon-yo tèlman anpil, sé pou nou t-a kité tè sa-a pou nou t-a rivé kanpé louin yo tout ». Mouin konnin yo anpil, mové konpagnon-yo, sé présizéman pou sa mouin mandé nou ak tout kè-m pou nou rété louin-yo. Si nou t-a oblijé rété pou kont-nou, paské nou pa vlé frékanté yo, ala kontantman pou nou, n-a gin kòm konpagnon Jézu-Kri, la Trè Sint Vièj, Anj Gadyin-nou. Èské nou t-a kapab gin pi bon konpagnon pasé sa-yo ? Konsa tou n-ap kapab gin bon konpagnon, sètadi sa k-ap frékanté Jézu nan Sin-Sakréman-an, sa-k al légliz-yo épi sa k-ap ba nou bon égzanp pou ankourajé nou fè dévoua-nou antan nou pa ofansé Bondié. Frékanté sa-yo épi n-ap jouinn gran avantaj. Dépi lè David ki té tou jèn té kòmansé frékanté yon bon konpagnon yo té rélé Jonatan, yo vîn bon zanmi nan avantaj youn lòt ; paské youn t-ap ankourajé lòt aji yon fason kòrèk.

3. *Évité mové konvèsasion*

Konbyin jèn ki angoufré tèt-yo nan lanfè paské yo té rété ap kouté mové konvèsasion ! Sin Pòl té déjà ap préché sou sa lè-l t-ap di krétyin yo pa-t minm doué nonmin non bagay malonèt-yo, paské sé

yo ki détoui bon konpòtman-yo : *Corrumpunt bonos mores colloquia prava* (cf. 1 Korinyin 15,33). Sé pou nou konsidé ré konvèsasyon-yo tankou manjé-a : minm si yon manjé bon, dépi yon gout pouazon tonbé ladan-l li kapab touyé tout moun ki manjé-l ; sé minm bagay-la yon konvèsasyon sou sijè ki pa pròp fè. Yon paròl, yon jès, yon blag sifi pou montré youn oubyin pliziè konpagnon sa-k mal-la, épi yo minm ki t-ap viv jous lè sa-a tankou mouton inosan, yo vîn tounin ésklav satan poutèt mové konvèsasyon sa-yo.

Gin kèk nan nou k-ap di : Mouin konnin konsékans mové konvèsasyon sa-yo, min kouman pou-m fè ? Mouin nan yon lékòl, yon atelié, yon magazin, nan yon travay koté mouin yé épi y-ap fè mové konvèsasyon. Malérézman, zanmi-m yo, mouin konnin gin mové koté sa-yo, sé poutèt sa m-ap indiké nou fason pou nou délivré anba yo san nou pa ofansé Granmèt-la. Si moun sa-yo nan pozision pi ba pasé nou, korijé-yo tousuit ; si sé t-a moun li pa t-a konvab pou nou fè yo rémak, ralé kò-nou louin yo, si nou kapab, épi si nou pa kapab rété fèm pou nou pa patispé ni ak paròl-nou ni ak ri n-ap ri épi nan kè-nou di : « Jézu mizérikòd ! ». Épi si malgré tout prékosion sa-yo nou t-a nan danjé pou nou ofansé Bondié, m-ap ba nou konsèy S. Ogustin-an ki di : « *Pito ou pran lafuit, si ou vlé ranpòté viktoua* ». Pran lafuit, kité koté sa-a, lékòl sa-a, travay sa-a, atelié sa-a, sipòté ninpòt mizè sou tè-a pasé pou t-a rété nan yon koté oubyin frékané moun k-ap mété nanm-ou nan danjé pou-l kondané pou tout tan. Paské, jan Sovè nou-an di-a, li pi bon pou nou pòv, pou yo méprizé nou, pou nou sipòté yo koupé pié-nou, min-nou épi minm pou yo krévé jé-nou épi pou n-al nan Paradi-a konsa, pasé pou nou t-a gin tout sa nou anvè sou tè-a épi pou nou t-a alé nan pèdision pou tout tan-an (cf. Matié 5,29-30). Sa ka rivé pou kèk moun fè chanté sou nou épi pasé-n nan rizib, min sa pa fè anyin. Yon jou ap vini koté griyin dan ak pasé nan rizib méchan-yo pral tounin rèl ak dlo nan jé lanfè-a, épi méprizé yo t-ap méprizé sa-k bon-yo ap chanjé pou-l tounin konsolasyon kè kontan Paradi-a : *Tristitia vestra vertetur in gaudiam* (cf. Jan 16,20). Épi sé pou nou rémaké lè nou rété fidèl ak Granmèt-la, sa ap fè minm moun k-ap palé nou mal-yo ap oblijé aprésié vèrtu-nou, yon fason pou yo pa kapab pèmèt yo anbété nou ankò ak méchansté rézònman yo-a.

Koté sin Loui de Gonzag té yé, pèsòn pa-t ozé di yon paròl ki pa-t kòrèk, épi lè li té rivé pandan yon moun t-ap palé konsa, tousuit yo té di : « Pé la, min Loui ».

4. Évité tounin kòz 'skandal'

Mo 'skandal'-la vlé di bité pou tonbé, épi yo di moun k-ap bay lòt okazion pou ofansé Bondié ak paròl yo oubyin ak aksion-yo, sé moun ki kòz 'skandal'. Konsa nan sans sa-a, 'skandal'-la sé yon gro péché, paské li vòlè nanm Bondié té kréyé pou Paradi-a, sa-l té rachté ak San Jézu-Kri ki gin anpil valè-a, li vòlè nanm sa-yo épi li mété yo nan min diab-la pou-l kondui yo nan lanfè. Sé poutèt sa moun ki kòz 'skandal'-la yo kapab rélé-l minis satan tout bon vré. Lè diab-la pa réyisi pran yon jèn nan pièj ak riz l-ap fè, li abitué sèvi ak moun k-ap fè 'skandal'-yo. Ala yo gran péché jèn sa-yo ap mété sou konsians yo lè yo sé kòz 'skandal' nan légliz-la, nan lari, nan lékòl oubyin lòt koté y-ap travay ! Otan gin moun k-ap gadé yo sé otan péché y-ap vîn koupab dévan Bondié. Épi apré sa kisa pou yo t-a di osijè sa ki minm rivé aprann timoun ki inosan toujou fè sa-k pa bon ! Sé pou mizérab sa-yo tandé sa Sovè nou-an ap di yo. Yon jou li té kinbé min yon timoun épi li té viré gadé foul-la ki t-ap kouté-l, li té di : « Malè pou moun k-ap tounin kòz 'skandal' pou yon timoun ; malérezman gin sa ki kòz 'skandal' sou tè-a, min malè pou sa-k k-ap fè sa-a : li t-a pi bon pou li si yo t-a maré yon gro ròch moulin nan kou-l épi yo t-a jété-l nan fon lanmè » (Luk 17,1-2). Si yo t-a kapab rétiré tout moun ki kòz 'skandal' sou tè-a, sé pa dé nanm ki t-a maché nan diréksion Paradi-a, min okontrè yo pral pèdi pou tout tan nan lanfè ! Rété louin mòd vakabon sa-yo, pran lafuit dévan yo kòm si sé t-a diab-la minm. Yon jèn ti fi ki té tandé konvèsasyon yon moun k-ap bay skandal, li té di moun sa-a : « Al fè rout ou, satan madichon ! »

Nou minm, zanmi-m yo, si nou vlé zanmi Jézu tout bon épi réparé kalité mal moun ki kòz 'skandal'-yo ap fè nan nanm-yo, fè éfò pou nou bay bon égzanp. Sé poutèt sa, sé pou konvèsasyon n-ap fè toujou kòrèk épi nan limit modésti-a ; sé pou nou gin dévotion nan légliz-la, sé pou nou obéyi épi respékté réponsab-nou. An vérité, anpil konpagnon ap suiv nou é y-ap maché sou chémin Paradi-a ! N-ap gin asirans nou pralé ansanm avèk yo tou, jan s. Ogustin di-a, moun ki fè éfò pou-l sovè nanm yon lòt kapab gin éspoua l-a sovè pa-l tou : *Animam salvasti, anima tuam praedestinasti.*

Sou tè-a, sa-yo sé bagay ki pi inpòtan pou nou rété louin-yo, jèn-yo zanmi-m yo : yo pa anpil, min yo asé pou nou kapab fòmé nou nan yon mòd lavi onèt épi krétyin.

5. *Fason pou nou konpòté nou nan tantasion-yo*

Minmsi nou tou jèn toujou, ènmi-an ap paré pèlin pou-l pran nanm-nou ; sé poutèt sa nou doué toujou atantif pou nou pa tonbé lè nou gin tantasion, sètadi lè diab-la ap invité nou fè sa-k mal. Yon bagay k-ap pèmèt nou pa tonbé nan tantasion-yo sé rété louin okazion ak konvèsasion ki kapab trublé nou fè nou tonbé, rété louin spéktaf piblik-yo koté pa gin anyin ki byin, épi an plis y-ap toujou aprann nou gin kichòy ki mové. Toujou bay tèt-nou okipasion, épi lè nou pa konn kisa pou nou fè, dékoré yon kouin pou nou lapriyè, préparé imaj ak tablo, oubyin al passé tan-an nan yon pastan ki onèt, ak pèmision paran nou-yo. Sin Jéròm di : « Fè atansyon pou ènmi-an pa jouinn ou pap fè anyin ».

Min lè nou santi tantasion-an, pa rété ap tann pou ènmi-an pran posésion kè-nou, fè kichòy tousuit pou libéré nou anba-l, soua ak yon okipasion soua ak lapriyè. Épi si tantasion-an kontinué, fè sign lakoua-a, bo kèk imaj ki béni antan n-ap di : « Mari sékou krétyin-yo, lapriyè pou mouin », oubyin : « Sin Loui d'Gonzag, fè-m pa ofansé Bondié-m nan ». Mouin mété non sin sa-a, paské l'Égliz-la propozé nou-l kòm protèktè spésial épi modèl pou jèn-yo. Éféktivman, pou-l té kapab ranpòté viktoua sou tantasion-yo, li té pran lafuit parapò ak tout mové okazion, li té konn fè jèn anpil foua antan-l manjé sèlman pin ak dlo, etc. Konsa Loui vîn ranpòté yon viktoua total sou tout tantasion-yo, konsa tou nou minm n-a ranpòté-l, si nou fè éfò pou nou imité-l omouin nan kontrolé tèt-nou parapò a sink sans nou-yo, sitou nan konvèsasion ki nan limit modésti-a, épi si nou mandé-l sékou ak tout kè lè n-a santi tantasion-an.

6. *Kèk pièj malin-an sèvi ak yo pou tronpé jèn-yo*

Prémié pièj malin-an abitué mété pou pèdi nanm-nou sé fè nou konsidéré li pap posib pou nou passé karant, sinkant, souasant ané li promèt nou n-ap viv-la, antan nou maché sou chemin vèrtu-a ki tèlman difisil épi nou rété louin tout plézi.

Lè ènmi-an ap fè lidé sa-a vîn nan tèt-nou, sé pou nou réponn li : « Kilès ki ban-m asirans m-ap rivé nan laj sa-a ? Lavi-m nan min Granmèt-la, jodi-a kapab dènié jou lavi-m ». Konbyin moun ki té kontan, byin alèz yè épi ki t-ap ri, min jodi-a y-ap antéré-yo ? Épi minm si nou t-a doué fatigé kèk ané ankò pou Granmèt-la, èské nou pap jouinn konpansasyon ki pi plis toujou nan gloua ak plézi pou tout

tan nan Paradi-a ? An plis nou ouè sa k-ap viv nan gras Bondié-a yo toujou an joua, épi minm nan tribilasyon kè yo kontan. Okontrè moun ki lagé kò yo nan plézi-yo, yo toujou faché, y-ap éséyé jouinn lapè nan pastan yo-a min yo toujou pi maléré : *Non est pax impiis*, sé sa Granmèt-la di (cf. Izayi 48,22).

Min gin kèk nan nou k-ap di : « Nou minm nou jèn, si nou kòmansé ap réfléchi sou étènitè-a, sou lanfè-a, sa ap fè nou vîn mélankolik, sa ka minm fè nou pèdi tèt-nou ». Mouin dakò ak nou lè nou pran réfléchi sou yon lavi san fin ki kapab yon kontantman oubyin yon lanfè, lè nou pran konsidéré yon touman ki pap janm fini, sa-a sé yon lidé térib ki kapab fè nou pè. Min di mouin : « Si pansé sa sèlman kapab fè nou pè, sa sa ap yé minm lè nou alé ladan-l ? Pito ou réfléchi sou sa koulié-a pou nou pa tonbé ladan-l apré, épi sé sètin, si nou pansé sou sa, n-ap épagné tèt-nou. Min konsidéré tou si lidé lanfè-a tris, éspérans yon Paradi koté nou joui tout byin-yo, sa ranpli nou ak konsolasyon. Sé poutèt sa antan Sin-yo té réfléchi tout bon sou chatiman étènèl-la, yo t-ap viv ak anpil kè kontan antan yo té mété konfians yo byin solid nan Bondié pou yo kapab évitè-l épi alé joui yon jou nan byin Granmèt-la paré pou moun k-ap sèvi-l yo. Donk kouraj, zanmi-m yo, chèché sèvi Granmèt-la épi apré n-a ouè kijan kè nou ap kontan koulié-a é pou tout tan.

7. Rêkòmasyon pou jèn ki fè pati yon group oubyin yon asosiyasyon krétyin oubyin yon patronaj

Si nou gin chans fè pati yon group oubyin yon patronaj, fè éfò pou nou patisipé alè antan nou respékté règléman yo jan responsab-yo té épliké nou-an. Mouin rêkòmandé nou sitou pou nou gin anpil respè pou dirèktè ak pè ki responsab nou-yo, antan nou mandé pèmision lè nou pa kapab la. Nan légliz-la sé pou nou gin bon konpòtman épi kinbé silans-la antan nou li oubyin nou kouté sa y-ap di pou préparé nou anvan sélébrasyon-an kòmansé. Lè sa-a ak kè kontan épi ak dévotion, chanté louanj Granmèt-la. Si nou doué konfésé oubyin résévoua kominion fè-l ansanm ak konpagnon nou-yo pou bay bon égzanp épi ankourajé lòt-yo frékané sakrèman-yo. [...]

Si nan patronaj nou-an gin posibilité pou nou joué ansanm nan jou fèt-yo, sé pou nou patisipé ak tout kè antan nou évitè goumin, bay non jouèt ki méprizan oubyin pou nou pa janm satisfè ak sa yo ba nou. Si nou tandé oubyin ouè kichòy ki pa konvnab pou bon anbiens

lavi krétyin-an, sé pou nou avèti réponsab-la pou-l kapab anpéché dézòd sa-yo rivé ak konsékans yo kapab ginyin.

Sa t-a bèl anpil si sa-k gin plis konésans-yo t-a aprann lòt-yo kèk bèl istoua ki bay bon égzanp.

Sé pou nou sinsè nan paròl-nou antan nou évité manti, paské si yo t-a dékouvri sé mantè nou yé, non sèlman sa t-ap ofansé Bondié, min tou konpagnon nou-yo ak réponsab nou-yo t-ap pèdi konfians nan nou.

Mouin rékòmandé nou pou nou gin konfians nan dirèktè-a, antan nou mandé-l konsèy lè nou gin kèk poua sou konsians-nou. Fè minm jan-an ak lòt réponsab-yo sitou si sé pè yo yé, antan nou toujou salué yo. Lè n-ap palé ak yo réponn yo ak respè épi sinsérité.

Si nou doué réponsab chanté oubyin manb koral, oubyin anfannkè, sé pou nou fè éfò bay bon égzanp dévosion ak priyè pou ankourajé lòt-yo.

Mouin mandé nou tout pou nou byin suiv règléman-yo antan nou chak fè éfò pou nou gin plis dévosion, plis bon konpòtman, plis atansion nan moman lapriyè ak nan sélébrasion-yo. [...]

Dévosion pou la Trè Sint Vièj Mari.

Gin kichòy k-ap soutni nou anpil, zanmi-m yo, jèn-yo, sé dévosion pou la Trè Sint Vièj Mari-a. Tandé kijan l-ap invité nou : « *Si youn moun toupiti, sé pou-l vîn jouinn mouin* » (cf. Provèb 9,4). Li ba nou asirans si nou rinmin-l, si nou gin dévosion pou li, l-ap konsidéré nou kòm ti pitit-li, l-ap kouvri nou ak manto-l la, l-ap konblé nou ak bénédiksion sou tè sa-a pou-l kapab ba nou Paradi-a nan lòt lavi-a. « *Moun ki respékté-m, y-ap gin lavi ki pap janm fini-an* » (cf. Eklézias 24,31 ; Sirasid 24,22). Sé poutèt sa sé pou nou rinmin Manman nou-an ki nan sièl-la, sé pou n-al chèché sékou nan min-l ak tout kè-nou épi nou mèt sètin tout favè n-ap mandé-l, Bondié ap ba nou yo, dépi nou pa mandé bagay ki kapab fè nou ditò.

Mouin rékòmandé nou pou n-al chèché sékou tout tan nan min manman sa-a ki gin kè sansib-la pou kèlkésoua sa nou bézouin pou lavi spirituèl ak lavi matérièl-nou épi lè nou anba gro tantasion. An plis gin toua gras spésial nou doué mandé-l ak pèsévérans, paské sé tout moun ki bézouin yo tout bon vre, min sitou nou minm ki jèn toujou nan laj-nou : Prèmié-a sé pou-l édé nou pa janm fè okinn péché mòtèl (péché grav) panda tout tan lavi-nou. Mouin vlé pou nou

chèché jouinn gras sa-a ak tout fòs-nou pa lintèmediè la Trè Sint Vièj Mari, paské tout lòt gras pa t-a anyin san sa-a.

Nou konnin sa sa vlé di tonbé nan péché mòtèl ? Sa vlé di rénonse kondision-nou kòm pitit Bondié pou nou tounin pitit satan. Sa vlé di pèdi bèlté sa-a ki fè nou bèl tankou Anj-yo nan jé Bondié épi vîn difòm dévan fas-li tankou démon-yo. Sa vlé di pèdi tout mérit nou té déjà rivé jouinn pou lavi tout tan-an, sa vlé di nou rété pandié nan yon ti fil tou mins anlè bouch lanfè-a ; sa vlé di manké bonté infini Bondié-a respè, épi sa-a sé mal ki pi gran nou t-a kapab imaginé-a. Ébyin oui, sé konsa ! Kèlkésoua kantité favè la Trè Sint Vièj Mari t-a jouinn pou nou, sé pa t-a anyin li t-a jouinn si-l pa fè nou jouinn gras pou nou pa janm tonbé ni tonbé ankò nan yon péché mòtèl. Gras sa-a nou doué mandé-l ak siplikasion chak matin, chak soua, nan tout priyè n-ap fè.

Dézièm gras nou doué mandé-a sé pou nou rivé konsèvé bèl vèrtu purté-a. Si nou kinbé yon vèrtu ki bèl konsa, n-ap pi sanblé nèt alé ak Anj-yo nan Paradi-a, épi Anj gadyin nou-an ap konsidéré nou kòm frè antan-l kontan anpil pou-l maché avèk nou. Épi kòm li inpòtan anpil pou mouin pou nou konsèvé vèrtu sa-a, m-ap raplé nou kèk mouayin pou nou kapab konsèvé-l kont pouazon ki kapab kontaminé-l. Toudabò sé pou nou évité rélasyon ki minnin nan tròp intimité ant ti gason-yo ak ti médam-yo, pou yo pa mété bèl vèrtu sa-a an danjé grav. Yon bagay k-ap édé nou anpil pou nou konsèvé minm vèrtu sa-a sé kontrolé tèt-nou épi véyé sou sa n-ap tandé, sitou sa n-ap gadé. Konsa sé pou nou évité manjé tròp épi boué dépasé mézi, évité tout éksè nan téat, dansé bal, épi lòt divètisman konsa ki fè moun aprann mové mès. Nou konnin jé-nou yo sé fénèt koté péché-a passé pou-l antré nan kè-nou, épi sé la tou démon-an antré pou posédé nanm-nou. Sé poutèt sa nou pa doué janm rété ap gadé bagay ki kontrè ak métriz tèt-nou. [...] Apré sa sé pou nou kanpé louin jèn parèy nou k-ap fè mové konvèsasyon, sètadi k-ap palé paròl yo pa t-a gin kouraj palé dévan paran yo oubyin dévan kèk moun débyin. Réyé louin konpagnon sa-yo minmsi sé paran-nou yo t-a yé. Mouin asiré nou yo sé lakòz pi gran domaj passé si sé t-a démon.

Épi konsa min touazièm gras-la nou bézouin-an k-ap édé nou anpil pou nou konsèvé vèrtu purté-a, sé présizéman, gras pou nou kanpé louin mové konpagnon-yo. Oui, mandé Manman Mari favè sa-a trè souvan ! Ala kontantman pou nou, pitit mouin-yo, si nou pa maché ansanm ak méchan-yo ! Si nou fè sa n-ap gin asirans n-ap maché sou chémin Paradi-a, otréman nou nan gran danjé pou nou pèdi pou tout

tan. Sé poutèt sa, lè n-a tandé konpagnon-nou k-ap blasfémé, k-ap dérèspèkté réalité lafoua-a ak rélijion-an, oubyin k-ap chèché fè nou pa al légliz, oubyin pi rèd toujou k-ap aprann nou di gro mo, pa rété bò koté yo, antan nou sètin plis jé-nou ak paròl-nou pur, sé plis la Trè Sint Vièj Mari ap kontan ak nou épi l-ap fè nou jouinn pi gran favè toujou nan min Pitit li-a, Rédanmètè nou-an, Jézu-Kri.

Sa-yo sé toua gras ki pi nésèsè pasé lòt-yo pou laj nou ginyin kouniè-a, épi yo sifi pou fè nou maché douat dépi nou tou jèn sou rout k-ap fè nou vîn tounin moun respèktab lè n-a granmoun, gaj asiré n-ap rivé nan gloua pou tout tan-an Mari ap mandé pou moun ki gin dévosion pou li. Min, ki kado n-ap ofri la Trè Sint Vièj Mari pou nou kapab jouinn gras mouin sot di nou-yo ? Nou pa bézouin fè anpil bagay. Sa ki kapab sé pou yo di Rozè-a, min nou pa doué janm bliyé pou nou di chak jou, sitou anvan nou dòmi, toua *Ave Maria* ak toua *Gloria Patri* ansanm ak invokasion : « Chère Mère, Vierge Marie, faites que je sauve mon âme », « Tanpri Manman chéri, Sint Vièj Mari, fè-m sovè nanm-mouin ». [...]

Osijè sakrèman konfèsion-an.

Zanmi-m yo, yon sèl péché mòtèl kapab plonjé moun ki fè-l la nan lanfè si-l pa jouinn padon Bondié-a anvan-l mouri. Sé poutèt sa, lè nou t-a gin malè fè yon péché mòtèl, nou doué chèché jouinn padon sa-a plis pasé lòt bagay. Pou nou kapab jouinn gran byin sa-a, Jézu-Kri té kité sakrèman pénitans-la pou nou koté péché nou fè apré batèm-nan kapab jouinn padon.

Li té di Apot li-yo – épi nan yo sé tout pè-yo ki ranplasé yo li té di sa : « Minm jan Papa-m ki nan sièl-la té voyé-m, konsa tou mouin minm mouin voyé nou » (cf. Jan 20,21). Sètadi otorité Papa-m ki la dépi tout tan épi pou tout tan té ban mouin-an, sé li-minm mouin ba nou tou. Nan otorité sa-a sètènman gin kapasité pou padoné péché-yo. Min antan-l té vlé palé spésyalman osijè konfèsion-an, présizéman li té di Apot li-yo : « Moun n-a padoné péché-yo y-ap padoné, moun n-a kinbé-yo, y-ap kinbé » (Jan 20,23) Konsa Jézu-Kri té bay minis li-yo kapasité pou yo bay oubyin réfizé absolusion-an ; sé sa-k fè krétyin-yo gin obligasion pou yo konfésé péché yo, pou konfèsè-a kapab konnin si pou-l bay oubyin pa bay aboslusion-an.

Min nou konstaté anpil krétyin konn pa rivé profité gran sakrèman sa-a. Épi gin anpil rézon ki kapab minm fè nou pè poutèt angiz sakrè-

man-an t-a sèvi kòm mouayin pou sovè, pou anpil moun li tounin kòz kondanasion paské yo résévoua-l mal. Pou yon malè konsa pa rivè-ou, ou minm jèn krétyin, min yon instriksion tou kout yo mété la-a pou ou. M-ap mandé-ou pou li-l avèk atansyon chak foua ou pral konfésé.

Dispozision ki nésésè pou nou kapab fè yon bon konfésion.

Pou nou kapab fè yon bon konfésion min ki dispozision ki nésésè : Égzamin konsians, douèl ak régrè, fèm rézolisyon, konfésion épi pénitans. Sa-k pi inpòtan-yo sé douèl ak régrè yo rélé kontrision-an épi fèm rézolisyon-an.

1. Kontrision-an sé yon régrè ak yon douèl poutèt péché nou fè-yo, sitou sa-k mòtèl-yo antan nou pran fèm rézolisyon pou nou pa rékò-mansé fè yo ankò. San kontrision-an Bondié pap janm bay padon péché-yo. Sa nou fè-a doué fè nou mal tout bon nan fon kè-nou, poutèt nou gin lafoua, nou doué régrèt sa tout bon vré épi tout lòt péché mòtèl nou té fè.

2. Kontrision-an doué fè nou mal sou pa anndan ; sé poutèt sa, sa pa sifi pou nou résité fòmil « Acte de contrition »-an ; min nou doué régrèt tout bon vré nan fon kè-nou poutèt nou té ofansé Bondié.

3. Kontrision-an doué surnaturèl, sa vlé di li soti nan gras Éspri Sin-an épi nou vîn ginyin-l pou rézon ki soti nan lafoua-a. Konsa, lè yon moun régrèt péché-a paské sa té fè-l tonbé nan kèk problèm, yon chatiman, yon maladi oubyin li té pèdi kèk byin, rézon sa-yo pa sifizan pou yon akt kontrision valab pou rivé jouinn padon pou péché-yo. Donk nou bézouin régrèt paské péché-a té ofansé Bondié yon fason grav, li fè nou pa mérité Paradi-a, li fè nou mérité lanfè-a. Pou nou kapab révèyé régrè sa-a, sa itil anpil pou nou konsidéré ak péché-a nou ofansé Bondié ki mèt-nou, li minm nou doué obéyi-a. Nou doué konsidéré kijan Bondié bon pou nou alinfini, sé li minm ki kréyé nou, sé li ki Papa nou, sé li ki Sovè-nou, ki rachté nou antan-l péyé ak pròp san-l. Kontrision tout bon-an sé lè nou régrèt nou té ofansé Bondié paské li-minm li bon nèt alinfini épi li mérité nou rinmin-l san limit. Kontrision sa-a, si li nan pi ro dégré pèfeksion épi si nou vrèman anvi résévoua sakrèman-an, t-a kapab sifi pou fè nou jouinn padon Bondié-a, si nou vrèman pa t-a kapab résévoua sakrèman-an, min ak obligasion pou nou konfésé apré kon sa posib.

Minm jan-an tou, nou doué réfléchi sou chatiman nou mérité poutèt péché-a, sou Paradi-a nou pèdi-a, sou lanfè-a nou mérité-a. rézon sa-

yo doué fè péché-a fè nou mal nan kè-nou tout bon, otréman nou pap jouinn padon Bondié-a.

4. Sé nan pi ro dégré-a nou doué régrèt nou té fè péché mòtèl, paské li sé pi gran mal-la antan-l ofansé Bondié épi li fè nou pi gran domaj-la. Konsa sa doué fè nou pi mal lè nou ofansé Bondié pasé tout lòt soufrans nou kapab ginyin sou tè-a. Min nou pa oblijé kriyé ak dlo nan jé pou sa, jan nou fè lè nou gin yon lòt doulè ; sa-k inpòtan-an sèké doulè nou-an gran lè nou konsidéré nou té ofansé bonté ak grandè Bondié nou doué konsidéré épi rinmin plis pasé tout lòt bagay.

5. Doulè sa-a doué inivèsèl, sètadi li doué konsidéré tout péché mòtèl nou té fè. Si t-a gin yon sèl nou pa t-a gin kontrision sa-a pou li, Bondié pa t-a padoné ni sa-a ni lòt-yo, paské yon sèl péché mòtèl fè nou vîn ènmi Bondié.

6. Sé pou doulè sa-a maché ak yon fèm rézolisyon, sètadi yon promès oubyin yon désizyon pou nou t-a pito mouri pasé tonbé nan yon péché mòtèl : otréman nou pap jouinn padon-an. Lè nou pa gin fèm rézolisyon sa-a, sé laprèw nou pa gin yon vrè régrè ; sé sa-k fè si nou vrèman régrèt mal nou té fè-a, nou doué désidé pou nou pa réfè-l ankò alavni kèlkésoua sikonstans-yo.

7. Si rézolisyon sa-a fèm, byin vit n-ap abandoné okazion ki t-a kapab minnin nou nan péché mòtèl-la, paské ninpòt ki moun ki mété tèt-li volontèman nan danjé pou-l péché, li déjà koupab péché-a. Sign ki montré régrè sa-a sé lè gin yon chanjman sou paranndan ak sou padéyò ki fèt apré konfésion-an ; lè nou bay Bondié satisfaksion ak pénitans-la, oubyin lòt bon aksion ; lè nou réparé domaj nou té fè prochin-nou nan répitasyon yo, nan byin-yo, nan dignité yo kòm moun, épi lè nou bay rémèd pou skandal nou té kozé.

8. Sé pa lintèmédiè absolusion-an nou résévoua padon pou péché nou-yo, lè konfèsè-a, apré-l fin tandé konfésion nou-an, prononsé paròl absolusion sakramantèl-la. Sé gras a paròl sa-yo sèlman kè ki byin dispozé-yo résévoua gras sakréman pénitans-la.

9. Lè konfésion-an pa fini, oubyin lè pénitan-an poko byin dispozé, sé yon sinp bénédiksyon konfèsè-a bay, yo pa doué konsidéré-l kòm yon absolusion. [...]

10. Avèk kontrision-an, konfésion-an, absolusion-an, yo doué mété satisfaksion-an tou, sètadi fè nou doué fè pénitans konfèsè-a mandé nou-an épi rémèd pou péché nou té fè lontan-yo ak bon aksion nou kontinié fè.

Yon métòd pratik pou nou byin konfésé.

Apré nou fin li épi konsidéré ak atansyon dispozision jénéral nou doué ginyin pou nou fè yon bon konfésion-an, nou kapab ouè kounié-a kijan pou nou mété sa an aplikasyon. Dépi lavèy jou nou pral gin pou nou konfésé-a, sé pou nou préparé antan nou priyé, nou vizité Jézu nan Sin-Sakréman-an, nou jéné oubyin yon lòt mòtifikasyon, nou fè yon léktu spirituèl, etc. Jou konfésion-an nou doué mété nou nan prézans Bondié, mandé-l ak tout kè pou-l édé nou fè yon bon égzamin konsians, sètadi pou nou byin chèché sonjé tout péché nou té fè dépi dènié konfésion nou-an antan nou mandé-l sékou ak priyé sa-a : « Jézu-Kri, Granmèt mouin, ou minm ki Rédanmètè nanm mouin, mouin mété-m ajénou nan pié-ou pou-m mandé-ou gin pitie ak mizériköd pou mouin. Kléré-m ak limié gras ou-a pou-m kapab rékonèt péché-m yo kounié-a, minm jan ou-ap fè-m konnin yo lè m-a prezanté dévan tribunal ou-a pou jijman-an. Tanpri, Granmèt, fè-m rayi yo ak yon régrè ki sinsè pou-m kapab jouinn padon pou yo gras a mérit san-ou nan ou té vidé sou koua-a. Trè Sint Vièj Mari, nou minm tout sin-yo ki nan Paradi, priyé pou mouin pou-m kapab fè yon bon konfésion ».

Égzamin konsians. Pou nou byin fè égzamin konsians-la nou doué réfléchi sou kòmandman Bondié-yo ak kòmandman l'Égliz-la antan nou gadé parapò a nou-minm kijan nou yé anfas sa yo mandé ak sa yo pa pèmèt. Min yon égzanp pratik. Égzaminé pròp tèt-nou pou nou ouè : si nou té palé rélijion-an mal ; si nou té blasfémé ; si nou té non-min non Bondié san respè ; si nou t-al lamès nan jou fèt-yo, si nou té okipé nou nan priyé-a ak nan charité-a oubyin si nou té pito fè travay nou pa t-a doué fè. Apré sa, égzaminé konsians-nou osijè dévoua nou ginyin dapré kondision lavi-nou, si nou té kòz 'skandal' nan légliz-la oubyin andéyò légliz-la, spésyalman ak gro mo épi lòt kalité mové konvèsasyon ; si nou té fè yon moun ditò nan byin-li, nan dignité-l kòm moun, nan répitasyon-l. Sé pou nou rémaké nou kapab vòlè tou antan nou pa okipé tan-nou nan fè travay yo péyé nou pou nou fè oubyin nou jouinn lòt rékonpans pou yo. Si nou té di, kouté, fè, pèmèt oubyin tou simpléman pansé délibéréman bagay ki kontrè ak konpòtman onèt-la.

N-ap répété osijè égzamin-an, sa pa sifi pou annik di péché-a, min nou doué di konbyin foua nou té fè tèl oubyin tèl lòt péché. Parégzanp sa pa sifi pou nou di : « Mouin té di gro mo sal », min nou doué di tou konbyin foua sa té rivé. Apré sa, parapò a péché koté nou té kòz 'skandal', nou doué égzaminé an patikilié épi réfléchi si konvèsasyon nou-yo, paròl nou-yo, aksion nou-yo té okazion péché pou lòt-yo.

Poutèt sa kantité moun ki té kouté konvèsasion sa-yo sé otan péché ‘skandal’ nou t-a doué akizé tèt-nou. Si nou pa-t janm égzaminé tèt-nou konsa lontan, nou doué fè anpil atansyon pou nou fè-l konsa kounié-a, antan nou mandé konfèsè-a konsèy sou sa, épi si-l jijé sa nésésè, pou nou réfè konfèsion nou té fè anvan-yo.

Apré nou fin fè égzamin konsians-la, nou doué vîn gin yon gran régrè poutèt sa nou té fè ki mal-yo épi antan nou mété nou nan prezans Bondié nou kapab fè priyé sa-a : « Min mouin dévan-ou, Bondié mouin, antan mouin ront épi mouin régrèt paské mouin té ofansé-ou. Ala malè pou mouin ! Péché-m yo ap fè lavironn mouin, yo fè kè-m séré, yo fè-m pè tèlman yo anpil. Pito-m m-pa-t janm fè yo ! Pito-m m-pa-t janm réfizé obsèvé kòmandman-ou yo ! Bondié-mouin ki sitèlman bon pou mouin, mouin ofansé-ou épi antan-m gin rékonésans pou jan-ou rinmin mouin, mouin pito viv an ingra. Mouin manké jistis ou-a respè. Bondié-mouin, ala anmè souvni péché-m yo anmè ! Ala mouin régrèt mouin té fè yo ! Ou minm, Granmèt, Bonté infini ki mérité pou yo rinmin-ou pou ou minm minm ak tout kè épi anlè tout bagay, m-ap mandé-ou padon. San Jézu-Kri ki koulé sou koua-a pou mouin ap mandé-ou pitié ak mizériköd pou mouin. Tanpri, Bondié mouin, kouté voua san sakré sa-a épi padoné-m. Mouin pa vlé ofansé-ou ankò épi mouin dispozé pèdi tout bagay sou tè-a pasé pou-m t-a rékòmansé ofansé-ou. Mouin promèt ou m-ap kanpé louin okazion ki kapab fè-m tonbé nan péché-yo : mouin pap frékanté koté sa-yo, zanmi sa-yo, konpagnon sa-yo ki té kòz mouin tonbé nan péché-a ankò. Tanpri, ou minm Bondié ki sitèlman bon é ki plin mizériköd, soutni rézolisyon sa-yo ak gras ou-a, sé sou li mouin konté pou-m gin fòs ak éspérans pèsévéré nan byin-an. Manman Mari, ou minm ki vièj é ki fèt san okinn tach péché, chè Manman Jézu sovè-m nan, sin Loui d’Gonzag, tanpri fè-m jouinn nan moman sa-a gras ki nésésè-yo pou-m fè yon bon konfèsion ».

Konfèsion-an minm.

Konfèsion sakramantèl-la, sé déklaré pénitan-an déklaré pròp péché-l bay yon konfèsè ki gin fakilté pou ba-l absolution-an. Pou déklarasyon sa-a kòrèk fòk li akizé pròp péché-l yo intégralman, ak umilité épi sinsérité.

Intégralman. Nou pa doué janm kaché okinn péché mòtèl, ni poutèt nou néglijan, ni poutèt nou ront. Lè volontèman nou pa di yon péché mòtèl, olié nou résévoua yon sakréman, ki éfasé péché-yo, sé yon

sakrilèj nou fè. Si malérézman yon moun pa t-a di yon péché paské-l té ront oubyin li té bliyé, sé pou li akizé-l toudabò parapò a péché sa-yo nan konfésion-an, épi si konfèsè-a konsidéré sa nésésè, sé pou-l réfè konfésion-l yo jous nan sa koté li té réfizé di oubyin bliyé di kèk péché-a.

Ak umilité. Sé ak yon santiman imiliasion épi rabèsman yon moun doué prezanté-l kòm koupab dévan jij li-a oubyin anfas moun ki minis Bondié pou li sou tè-a.

Ak sinsérite. Sé pou nou déklaré péché-yo klèman, san chèché éskiz ak jistikasion. Se pou nou pa rété ap plédé palé palé, ap chèché mété sou do lòt rézon ki fè nou aji mal-la. Sé pou nou konfésé péché ki sètèn-yo kòm sètèn, épi sé pou nou di péché nou pa fin sètèn si sé péché yo yé-a.

Sa kapab itil pou nou sonjé gran sékrè konfésion-an. Konfèsè-a pa kapab di lòt moun anyin nan sa-l tandé nan konfésion-an ; ni li pa kapab sèvi ak sa pou li-minm minm, minm si sé t-a pou-l libéré pròp tèt pa-l oubyin yon lòt anba lanmò. Sa doué ba nou yon gran konfians pou nou kapab di konfèsè-a klèman tout fot nou fè, li sé yon papa ki rinmin nou, ki osèvis Bondié nan tribinal pénitans-la.

Apré nou fin déklaré péché nou-yo, sé pou nou kouté avèk atansion épi anpil respè sa konfèsè-a ap di nou, antan nou fè éfò pou nou pa bliyé konsèy li ba nou-yo pou korijé fot nou fè-yo, oubyin pou prezèvé nou pou-n pa tonbé nan minm péché-yo alavni.

Apré konfésion-an n-a retiré kò-nou pou kont-nou pou nou priyé épi di mèsè konsa : « Kijan m-ap janm kapab di-ou mèsè jan-ou mérité sa réyèlman vré, Bondié mouin ki sitèlman bon ? Sé san rété pou m-ap di-ou mèsè pou mizérikòd-ou. Mouin té mérité kondanasion étènèl pou péché-m yo, min ou minm ou padoné yo épi bliyé-yo. Kilès k-ap janm kapab konprann mizérikòd ou-a ki san mézi-a ? Kilès k-ap janm kapab di-ou mèsè jan ou mérité-a poutèt bon kè-ou la ? Mouin trò fèb. Mouin pa kapab fè anyin dòt pasé ofri-ou tout mouin minm, tout lavi-m, ou minm Sovè nanm-mouin adoré-a. Oui, m-ap pasé tout lavi-m ap rakonté mèvèy ou-yo, épi jous nan dènié souf mouin m-ap déklaré tout moun mizérikòd ou-a. Antan mouin konsolé lè m-ap konsidéré sa-m té yé anvan ak sa-m yé koulié-a, Bondié mouin, mouin santi mouin rayi péché-a, épi ak tout désizyon-m mouin promèt ou pou-m pa ofansé-ou ankò. Édé-m angajé-m ak tout nanm mouin san rété épi ak jénérozité nan travay pou-m sovè pou tout tan-an. Tanpri, Trè Sint Vièj Imakilé, épi nou minm Anj gadyin mouin ak tout Sin patron-m yo, nou tout ki nan sièl-la nan kontantman Paradi-a, fè-m jouinn gras

nan min Bondié pou-m pa janm ofansé-l ankò alavni. Tanpri souplé, di-l mèsi pou mouin épi antan n-ap intèsédé pou mouin, fè-m jouinn gras pèsévérans final-la ».

Préparation pou résévoua la Trè Sint Kominion.

Nan Mès-la, lè pè-a di paròl konsékrasion-an sou pin-an ak divin-an, yo vîn tounin Kò ak San Jézu-Kri, yon fason ki fè sé sèlman aparans pin-an ak divin-an ki rété. Paròl Bondié Sovè nou-an té di lè-l t-ap kité Sakréman Ékaristi-a pou nou-an sé : « Sa-a sé kò mouin, sa-a sé san mouin » (cf. 1 Korintyin 11,24-25) ; sé minm paròl sa-yo prèt-yo di onon Jézu-Kri nan sakrifis Mès-la ki sin-an. Konsa lè yo ékspozé Sin-Sakréman-an sou otèl-la oubyin lè li kaché nan tabènak-la, sé Jézu-Kri li-minm ki la byin prézan pou nou adoré-l. Lè nou kominié minm, nou résévoua Jézu-Kri li-minm kòm manjé spirituèl pou nanm-nou. Sé pa yon imaj-li, ni yon réprésantasyon-l, tankou yon krisifi, min se Jézu-Kri li-minm, sètadi pròp Pitit Bondié-a minm, Jézu-Kri minm ki té pran nésans nan la Trè Sint Vièj Mari imakilé, ki té mouri pou nou sou koua-a, ki té résisité épi monté nan sièl. Li vivan ak tou gloua-l nan Losti-a jan-l yé nan sièl-la.

Pou nou byin kominié, sé pou konsians nou pròp parapò a tout péché mòtèl. Si yon moun t-a gin yon sèl péché mòtèl sou konsians-li épi li t-a kominié, li fè yon sakrilèj, jan sin Pòl di-a, « li manjé épi li bouè pròp jijman-l ak kondanasyon-l » (cf. 1 Korintyin 11,27-29). Sé poutèt sa nou doué sispann manjé [inèd-tan] anvan nou kominié, sof si yon moun ap résévoua kominion « Viatik »-la oubyin li malad grav. Kounié-a, kouté Jézu-Kri k-ap invité nou vîn nan sint Kominion-an antan-l di nou : « Si nou pa manjé kò-m épi si nou pa bouè san-m, nou pap gin lavi pou tout tan-an. Moun ki manjé kò-m épi ki bouè san-m, li rété nan mouin épi mouin minm mouin rété nan li ; paské chè mouin sé yon manjé tout bon, épi san mouin sé yon bouason tout bon » (Jan 6,53-58).

Kominié souvan-an.

Kòm Jézu té fè Sakréman Ékaristi-a kité-l pou byin nanm-nou, li vélé pou nou résévoua-l souvan, pa sèlman tanzantan oubyin kèk foua konsa. Kouté ak ki paròl l-ap invité nou : « Vîn jouinn mouin, nou tout ki fatigé ki bouké anba chaj, m-ap ba nou soulajman », « *Venite*

ad me omnes qui laboratis et onerati estis et ego reficiam vos » (cf. Matié 11,28). Lèt koté li fè nou pi gran promès si nou proché manjé kò-l, li di nou : « Mouin sé pin ki désann sot nan sièl-la ; moun ki manjé pin sa-a ki sé kò-m, l-ap viv pou tout tan, épi m-ap résisité-l nan dènié jou-a » (cf. Jan 6,51). Pou yo kapab réponn invitasion sa-a Sovè nou-an fè-a, la Trè Sint Vièj Mari épi krétyin premié tan-yo té konn al kouté paròl Bondié-a chak jou épi chak jou yo té konn résévoua sint Kominion-an. San nan sakréman sa-a mati-yo té jouinn fòs, vièj-yo té jouinn chalè rinmin-an, sin-yo té jouinn kouraj yo-a.

Épi nou minm konbyin foua nou proché pou résévoua manjé sièl sa-a ? Si nou konsidé ré sa Jézu anvi ak sa nou bézouin, nou t-a doué kominié trè souvan. Minm jan lamàn-nan té sèvi kòm manjé pou kò-a tout tan Juif-yo té nan dézè-a, joutan yo antré nan tè yo té promèt yo-a, konsa tou sint Kominion-an doué tounin fòs nou, manjé pou chak jou nan mitan danjé tè sa-a pou-l gidé nounan Paradi-a. Sint Ogustin di konsa : « Si chak jou nou mandé Bondié pin pou kò-a, poukisa nou pa chèché manjé chak jou tou pin spirituèl-la nan sint Kominion-an ? ». Sin Filip Néri té ankourajé krétyin-yo konfésé chak ui jou épi kominié pi souvan dapré sa konfèsè yo t-a rékòmandé yo. Anfin, nan Konsil Trant-la, l'Égliz-la montré li anvi tout bon pou nou kominié pi souvan lè-l di : « Sa t-a yon bagay nou anvi tout bon pou chak fidèl krétyin té kinbé tèt-li ak konsians-li nan kondision pou-l kapab résévoua sint kominion-an chak foua li prézan nan Mès-la. Épi pa sèlman ak kominion spirituèl-la, min tou ak kominion sakramantèl-la pou-l kapab résévoua plis foui an kantité nan sakréman sa-a ». Pou Pap Kléman XIII té kapab ankourajé krétyin-yo konfésé épi kominié souvan, li té bay tout moun ki t-a gin bon abitud sa-a pou yo konfésé chak sémèn, yon induljans plénié chak foua yo t-a résévoua gran sakréman Ékaristi-a.

Gin moun ki kapab di : « Mouin fè tròp péché ». Ébyin, si ou sé yon péchè, fè èfò pou mété-ou nan gras Bondié ak Sakréman konfésion-an, épi proché pou résévoua sint Kominion-an, ou-ap jouinn yon gran sékou k-ap édé soti nan éta-ou la. Yon lèt minm ap di : « Mouin pa kominié souvan pou-m kapab gin plis anvi fè-l ». Min sa-a sé yon tronpri. Sa nou pa fè souvan, òdinèman nou fè-l mal. An plis kòm sé trè souvan ou bézouin èd, sé trè souvan pou nanm-ou jouinn sékou. Kèk lèt ap di : « Kòm mouin plin féblès spirituèl mouin pa ozé kominié souvan ». Jézu-Kri réponn yo : « Moun ki an santé-yo pa bézouin médsin » (Luk 5,31) Sé poutèt sa, moun ki plis frajil-yo sé yo minm vrè médsin nanm nou-yo, Jézu-Kri doué vizité pi souvan. Lè li vini souvan nan nou, li ba nou gras pou nou pa tonbé nan péché ki pi grav

épi li éfasé péché vénièl-yo. Éféktivman yo ouè moun ki pa kominié souvan-yo yo pi frajil pasé sa-k byin kominié pi souvan-yo.

Donk kouraj ! Si nou vlé fè yon aksion k-ap fè Bondié plis plézi, k-ap pèmèt nou ranpòté viktoua sou tantasion-yo épi pèsévéré nan byin-an, proche souvan ak bon dispozision kè-nou doué ginyin pou nou résévoua sint Kominion-an.

Priyé pou nou préparé nou pou résévoua sint Kominion-an.

« Bondié ki si gran san mézi, ou minm sièl-la ak tè-a pa kapab kinbé-a, mouin bésé tèt-mouin byin ba dévan-ou, mouin adoré-ou ak tout respè mouin kapab. Mouin di-ou mèsì pou tout favè ou fè-m, sitou nan Trè Sin Sakréman-an ak nan Konfésion-an koté mouin espéré tout péché-m yo té jouinn padon. Min ou té vlé fè kichòy ki pi gran toujou antan ou fè sakréman Kominion-an kité-l pou nou, koté ou bay moun-yo dènié prèv rinmin-ou nan lè ou bay kòm manjé pou nanm nou-yo ni Kò-ou, ni San-ou, ni Nanm-ou, ni Divinité-ou la.

Ala bon ou bon dépasé mézi, Bondié mouin ! Kisa ou té kapab fè ki pi gran pou mouin ? Sa mouin régrèt pi plis sèké mouin pa-t byin korèsponn ak tout bon kè-ou yo, antan anpil foua mouin té ofansé-ou ak péché-m yo. Kounié-a mouin rékonèt grandè mal mouin té fè-yo, min mouin régrèt ak tout kè-m, mouin promèt ou alavni m-ap méprizé tout sa ki kontrè a fidéлитé nan sèvis ou-a. Mouin promèt ou pou-m toujou rinmin-ou ak tout éspri mouin, ak tout kè mouin, ak tout fòs nanm mouin, paské ou mérité pou yo rinmin-ou alinfini. Sé sa mouin espéré fè ak sékou gras ou-a.

O Jézu ki si bon, mété difé rinmin-ou nan nan kè-m, épi fè kominion sa-a tounin avangou ak garanti asiré pou-m kapab antré yon jou avèk ou nan kontantman pou tout tan-an ».

Anvan nou kominié.

« Jézu, Granmèt mouin, mouin kouè ak tout kè-m ou réyèlman prézan nan Sin Sakréman-an ak kò-ou, ak san-ou, ak nanm-ou ak divinité-ou. Granmèt, mouin adoré-ou nan sakréman sa-a épi mouin rékonèt ou kòm Kréatè-m, Rédanmèt-m, Mèt mouin, Granmèt mouin, pi gran byin mouin épi sèl byin mouin.

Granmèt mouin pa mérité pou antré vîn abité lakay mouin ki si mizé-rab, min di yon sèl paròl épi nanm mouin ap sové.

Granmèt mouin rayi tout péché-m yo ki fè-m pa dign pou-m résévoua-ou nan kè-m, mouin pran rézolisyon, ak sékou gras ou-a, pou-m pa tonbé nan yo ankò, pou-m évité okazion-yo épi pou-m fè pénitans.

Granmèt mouin espéré antan-ou ban-m tout ou minm nan sakréman sa-a ki sin-an, ou-a gin mizérikòd pou mouin épi ou-a ban mouin tout gras mouin bézouin pou-m kapab sovè pou tout tan.

Granmèt ou mérité yo rinmin-ou alinfini, ou sé Papa-m, ou sé Rédanmtè-m, ou sé Bondié-m, sé poutèt sa mouin rinmin-ou ak tout kè-m anlè tout lòt bagay, épi poutèt mouin rinmin-ou, mouin rinmin prochin-m tou minm jan ak pròp tèt pa-m, épi ak tout kè-m mouin padoné moun ki té fè-m kichòy ki mal.

Granmèt mouin anvì tout bon pou vini nan kè-m, pou-m pa janm séparé avèk ou ankò, min pou-m toujou rété pito nan gras ou-a.

O Vièj Imakilé, poutèt rinmin ou té gin pou Jézu ki t-ap grandi, fè mouin résévoua-l jan-l mérité-a, épi lè m-a proché bò kot lotèl-la pou résévoua Losti ki sin-an, m-ap pansé sé ou minm minm k-ap lonjé-l ban mouin nan mitan tout anj-yo k-ap fè louanj ak konpliman pou Jézu mouin pral résévoua-a.

Anj gadyin mouin, tout Anj-yo ak Sin-yo nan Paradi-a, priyé Granmèt-la pou mouin épi fè-m jouinn gras pou-m fè yon kominion ki sin ».

Kounié-a pran yon ti moman pou nou konsidéré kilès nou pral résévoua-a. Sé Jézu-Kri, Bondié ki gran ak yon gloua infini-an, Bondié bonté ak mizérikòd-la, k-ap vini lakay yon mizérab kréati, yon pòv péchè, k-ap vini pou-l tounin Papa nou, frè nou, zanmi nou, épou nanm nou ; li vlé tounin médsin pou nou, profèsè pou nou, manjé pou nou. Gad'on bon kè ! Gad'on rinmin ! Gad'on mizérikòd infini !

Apré kominion-an.

« Bondié mouin, Kréatè ak Rédanmtè nanm mouin, mouin adoré-ou ak pi gran respè-a, ak pi bèl onè-a. Ala bon ou bon tout bon ! Yon bèlté ki si klè, sitèlman sin, sitèlman san limit, ou vini pèsònèlman pou vizité yon kréati ki sitèlman mizérab, yon pongnin tè, yon péchè ingra. Jézu ki si bon pou mouin, mouin di-ou mèsì poutèt yon sí gran favè, mouin fè louanj ou, mouin fè konpliman pou ou anndan mouin. Sé pou tout puisans nanm mouin, tout santiman kò mouin kontan nan prezans Bondié-m nan. Yon sèl kè pa kont pou rinmin-ou, fè louanj

ou, di-ou mèsi pou tout favè sa-yo Jézu mouin ki si bon, épi sitou paské ou bay kòm manjé pou pròp nanm mouin, ni kò-ou, ni san-ou, ni nanm-ou, ni divinité-ou.

O ! Si-m té ka gin kè Sérafin-yo nan sièl-la, pou nanm mouin t-a toujou plin ak chalè rinmin-an pou Bondié mouin-an, li minm ki pa réfizé chouazi pòv nanm mouin pou-l pran plézi vîn abité ladan-l ! O bon Jézu ! Ala li bon, ala yon trézò, vizit sa-a, abité ou abité nan mouin-an, fè ou fè-m fè youn ak ou-a !

Mouin pa mérité yon favè ki si gran, mouin pa minm konnin kisa pou-m ta ofri-ou pou-m di-ou mèsi ; min antan-m apuiyé sou pròp mérit pa-ou yo ki infini, mouin ofri yo minm minm ba ou. Mouin di-ou mèsi ak tout kè, mouin promèt ou alavni sé ou minm sèl k-ap éspérans mouin, konsolasion-m, sèl richès mouin, sèl plézi mouin, sèl répo pou nanm mouin, ou minm sèl byin mouin, sèl sa-m posédé, sèl trézò pou kè mouin. Mouin t-a rinmin mouin minm sèl rivé ba ou tout louanj ak gloua sin-yo ap ba ou nan Paradi-a, min kòm mouin pa kapab, mouin ofri-ou tout mouin minm, mouin ofri-ou volonté-m pou-l pa anvì anyin dòt pasé sa-k fè-ou plézi ; mouin ofri-ou min-m yo, pié-m yo, jé-m yo, lang mouin, bouch mouin, intèlijans mouin, kè mouin, mouin ofri-ou tout. Tanpri véyé sou tout santiman mouin-yo pou chak pansé, chak aksion pa gin lòt objéktif pasé sa k-ap sèvi pou pi gran gloua-ou épi pou byin spirituèl nanm mouin.

Trè Sint Vièj Mari, chè manman Jézu mouin-an, Anj gadyin mouin, sin Loui d’Gonzag, fè-m jouinn gras sa-a, pou mouin, pou paran-m yo, pou byinfètè-m yo, pou zanmi-m yo ak ènmi-m yo épi spésialman pou moun ki nan légliz sa-a : sètadi pou nou tout nou rété fidèl nan rinmin-ou nan épi pou nou kanpé louin okazion ki kapab fè nou fè péché.

Tanpri, O Vièj Imakilé, pou-m kapab pou ou nèt, mouin konsakré tout lavi-m ba ou, jé mouin, zòrèy mouin, lang mouin, kè mouin épi tout mouin minm. Mouin vlé pou ou nèt, konsa ou minm défann mouin kòm afè pa-ou.

Jézu, Mari, Jozèf, mouin ba ou kè mouin, léspri mouin ak lavi mouin. Jézu, Mari Jozèf, soutni-m nan dènié agoni-an. Jézu, Mari, Jozèf, rét bò koté-m lè m-ap mourì ».

Pou jèn-yo kapab jouinn vokasion yo.²

Nan désizyon-l dépi tout tan, Bondié mété chak moun pou yon kondision lavi épi li ba-l gras li bézouin pou sa. Nan sikonstans sa-a ki tèlman fondamantal, minm jan ak nan tout lòt, krétyin-an doué chèche volonté Bondié antan-l imité Jézu-Kri ki té sètifié li té vini pou-l fè volonté Papa-l ki la dépi tout tan é pou tout tan-an. Sé poutèt sa li inpòtan donk, zanmi mouin, pou asiré sou pouin sa-a konsa pou pa mété tèt-ou nan angajman koté Granmèt-la pa-t chouazi-ou.

Pou kèk nanm Bondié té vlé bay yon favè spésial, li té montré yo ak mouayin ésktraòdinè kondision lavi li té rélé yo ladan-l nan. Ou minm ou pa doué prétann tou sa ; min sé pou-ou konsolé-ou ak asirans Granmèt-la ap dirijé-ou sou chémin ki douat-la nan fason providans li-a abitué fè-l la, a kondision ou pa néglijé mouayin ki konv nab pou yon disènman ki fèt ak prudans.

Youn ladan yo sé viv nan inosans pandan laj timoun ak pandan ou jèn, oubyin réparé ak yon pénitans ki sinsè ané koté malérézman ou té viv nan péché. Yon lòt mouayin sé priyé ak umilité épi pèsévérans. Sa ap bon pou ou pou répété ansanm ak sin Pòl : « *Granmèt, kisa-ou vlém fè ?* » (cf. Travay Apot-yo 9,6). Oubyin tankou Samuèl : « *Palé, Granmèt, sèvitè-ou la ap kouté* » (cf. 1 Samuèl 3,10). Oubyin ak Psalmist-la : « *Aprann mouin fè volonté-ou paské ou sé Bondié-m* » (Psòm 143,10). Oubyin kèk lòt priyé tou kout konsa ou fè ak tout kè-ou.

Lè ou-ap gin pou pran désizyon-an, palé ak Bondié ak priyé pi pati-ki-lié épi pi souvan, orianté priyé-ou nan intansyon sa-a pandan Mès-la ; ofri kèk kominyon ou fè nan intansyon sa-a. Ou kapab fè kèk névèn tou, kèk tridiòm, kèk rénonnman, vizité kèk sanktuè. Mandé la Trè Sint Vièj Mari sékou, li sé manman bon konsèy-la, palé ak sin Jozèf, mésié marié-l ki té fidèl anpil anpil nan kinbé kòmandman Bondié-yo, palé anj gadyin-ou épi tout sin patron-ou yo. Sé t-a yon trè bon bagay, si-ou kapab, pou anvan-ou pran désizyon-an ou t-a fè yon sèmèn égzèsis spirituèl oubyin kèk jou rétrèt.

Pran rézolisyon pou suiv volonté Bondié kèlkésoua sa-k t-a rivé, épi malgré réjè ou t-a jouinn nan min moun k-ap jijé bagay yo dapré sièk sa-a.

² Nou jouinn instruksion sa-a nan édition 1880-an, pp. 75-77 ; cf. San Giovanni Bosco, *Insegnamenti di vita spirituale. Un'antologia*. Introduzione e note a cura di Aldo Giraud, Roma, LAS, 2013, pp. 30-31.

Si paran-ou oubyin lòt moun ki gin otorité t-a vlé fè-ou kité chémin koté Bondié invité-ou la, sonjé sé lè sa-a ou-ap gin pou mété an pratik gran konsèy pou obéyi Bondié pasé moun-yo. Min, pînga bliyé respè ak rinmin ou doué ginyin pou sa-k pa dakò avèk ou-yo ; sé pou toujou réponn yo épi trété yo avèk umilité épi dousè, san-ou pa andomajé pi gran byin nanm-ou. Mandé konsèy sou konpòtman pou ginyin-an épi fè Bondié konfians, li minm ki kapab fè tout bagay. Mandé moun ki saj épi ki gin krintif pou Granmèt-la konsèy, spésialman konfèsè-ou, antan-ou manifésté-l sítiasion-an byin klèman ansanm ak dispozision kè-ou.

Zanmi nou, Don Bosco

*

* *

« Et le Verbe s'est fait chair et il a habité parmi nous, et nous avons contemplé sa gloire, gloire qu'il tient de son Père comme Fils unique, plein de grace et de vérité » (Jn 1,14)

* * *

« Quand vint la plénitude du temps, Dieu envoya son Fils, né d'une femme, né sujet de la Loi, afin de racheter les sujets de la Loi, afin de nous conférer l'adoption filiale. Et la preuve que vous êtes des fils, c'est que Dieu a envoyé dans nos coeurs l'Esprit de son Fils qui crie : "Abba, Père !" Aussi n'es-tu plus esclave mais fils ; fils, et donc héritier de par Dieu » (Gal 4,4-7)

* *

*

CHANTS

« Alors Elisabeth poussa un grand cri et dit : “ Tu es bénie entre les femmes, et béni le fruit de ton sein ! Et comment m’est-il donné que la mère de mon Seigneur vienne à moi ?... »

Oui, bienheureuse celle qui a cru en l’accomplissement de ce qui lui a été dit de la part du Seigneur ! ” » (Lc 1, 26-28, 42-45)

« D’où lui viennent cette sagesse et ces miracles ? N’est-ce pas le fils du charpentier ? Sa mère ne s’appelle-elle pas Marie, et ses frères Jacques, Joseph, Simon et Jude ? Et ses sœurs ne sont-elles pas toutes chez nous ? D’où lui vient tout cela » (Mt 13, 54-56 ; cf. Mt 27, 56)

« Tendait la main vers les disciples, Jésus dit : “Voici ma mère et mes frères. Celui qui fait la volonté de mon Père qui est aux cieux, celui-là est pour moi un frère, une sœur et une mère” » (Mt 12,49-50)

« Or, près de la Croix de Jésus se tenait sa Mère, avec la sœur de sa Mère, Marie femme de Cléophas, et Marie Madeleine. Jésus, voyant sa Mère, et près d’elle le disciple qu’il aimait, dit à sa mère : “Femme, voici ton fils”. Puis il dit au disciple : “Voici ta Mère”. Et à partir de cette heure-là, le disciple la prit chez lui » (Jn 19,25-27)

À BETHLÉEM

1

Un Sauveur nous est né à Bethléem en Judée. (2)

1. On attendait depuis bien longtemps,
à Bethléem en Judée.
On attendait depuis bien longtemps,
il est né le petit enfant !
2. Dieu nous est né, merveilleuse nuit, ...
Dieu nous est né, merveilleuse nuit,
dans le ciel une étoile luit.
3. Il est venu comme un miséreux, ...
Il est venu comme un miséreux,
dans la paille d'une étable à bœufs.
4. Tous les bergers sont allés chanter, ...
Tous les bergers sont allés chanter
le Sauveur qui leur est donné.
5. Qu'enfin la paix règne pour toujours, ...
Qu'enfin la paix règne pour toujours,
que le monde crie son amour.

A CAUSE D'UNE CROIX

2

- | | |
|---|---|
| 1. À cause d'une croix posée sur nos rivages en signe d'héritage, celui de notre foi ; | À cause d'un chemin tracé jusqu'en nos terres, entre bois et rivières, par le sang des témoins : |
|---|---|

***Debout ! N'ayons plus peur de vivre notre foi,
et nous serons un peuple d'Évangile.***

- | | |
|---|---|
| 2. À cause de tous ceux qui ont porté la flamme, tant d'hommes et de femmes brûlés d'un même feu ; | À cause de leurs pas courant sur les montagnes, traversant les campagnes, en messagers de joie : |
|---|---|
-

3 À TA GLOIRE, Ô DON BOSCO

1. À ta gloire, ô Don Bosco,
 Nous apportons notre hommage.
 De nos cœurs il est l'écho
 Et de notre amour le gage.
 Père bien-aimé, protecteur béni,
 Vois auprès de toi, tes fils réunis ;
 Pour garder notre innocence
 À nos cœurs donne la vaillance.

***Ô Bienheureux père,
 Garde-nous toujours.
 Entends nos prières
 Et notre hymne d'amour ! (2)***

2. Pour Jésus, vrai pain vivant,
 Tu sentais de douces flammes.
 Et ta joie, apôtre ardent,
 Était d'en nourrir les âmes.
 Au petit enfant, au pauvre orphelin,
 Au jeune apprenti, seul et sans soutien,
 Tu présentais ta Madonne,
 Aux douleurs, si tendres et si bonnes.

3. Tout brûlant de feu sacré,
 Tu voulais gagner le monde :
 Et partout ta charité
 Semait des œuvres fécondes.
 Aujourd'hui du ciel où tu resplendis
 Verse encor tes dons sur tous tes amis,
 Et sur ceux dont la jeunesse
 A connu ton cœur, ta tendresse.

A WI BONDYE RELE OU

4

A wi, Bondye rele ou frè mwen
A wi, Bondye rele ou sè mwen
 * *Lespri a konsakre w'*
Fè w' tounen temwen Jezu-Kri (2)

1. Fò w' avanse,
men Bondye ap tann ou
pa pè, pa pè, Bondye vivan.
2. Fò w' avanse,
men Jezu-Kri devan w'
pa ret kanpe gade dèyè.
3. Fò w' avanse,
men Lespri Sen sou ou
al bay pòv yo Bòn Nouvèl la.

ABRAAM KOUTE

5

Abraam koute, men sa Yave di :
Pran sèl grenn pitit ou a,
Sakrifye li ban mwen.

1. Abraam granm maten sele bourik li
ak de domestik, li fann bwa dife pou sèvis Granmèt la.
Li pran Izaak e li pati avè l',
Al' on sakrifis.
2. Abraam sou twa jou di domestik yo : rete tann mwen la.
Mwen prale avèk pitit la pou kò li
Pou m' al adore Granmèt la pi laba
Ala yon lafwa.
3. Abraam mete bwa pou sakrifis la sou do Izaak.
Li menm menm li pran kouto l' ak dife li
Pou l' al sakrifye sèl grenn pitit li a
Jan Bondye te di l'.

4. Izaak sou rout la poze yon kesyon li di Papa li
 « Men m' wè bwa avèk dife pou sèvis la
 kote mouton an ou pral sakrifye a ?
 « Se Bondye k' konnen.

5. Abraam sou mòn nan ranje yon lotèl pou sakrifis la
 li mare pitit li a sou lotèl la
 li leve kouto l' pou l' touye Izaak
 Yon anj rete men l'.

6. Mesaje a di li « Kite pitit la pinga touche li
 Bondye wè kijan ou gen lafwa nan li
 Ou pa refize l' sèl grenn pitit ou a
 L' ap beni ou nèt ».

7. Abraam leve je l' li wè yon mouton nan yon touf pye bwa
 li pran li nan plas pitit li Izaak
 Li sakrifye li sou lotèl Granmèt la
 Ala Bondye saj.

8. Desizyon Abraam fè Bondye konfyans nan tou sa l' mande l'
 fè l' tounen papa tout fidèl Bondye yo
 pran egzamp sou li pou n' obeyi Bondye
 nan tout sikonstans.

6 ACCLAMATION (Parole éternelle du Père)

1. Parole éternelle du Père,
Gloire à toi Jésus-Christ
 Parole éternelle du Père,
Gloire à toi notre vie !

Verbe sorti de la bouche de Dieu
 Pain du désert pour ton peuple aujourd'hui.

2. Lumière éternelle du Père, ... (2)

Voix du Seigneur au milieu de la nuée :
 « Voici mon Fils, écoutez ce qu'il dit ».

3. Demeure éternelle du Père, ... (2)

Temple détruit par les eaux de la mort
Pierre angulaire du Temple nouveau.

4. Tendresse éternelle du Père, ... (2)

Sauveur du monde élevé sur la croix,
Tu donnes souffle à tout homme qui croit.

ADJE PAPA

7

Adje Papa

pa vire tèt ou devan nou.

*Ti kado nou an, se bon santiman li ye :
pran li souple*

1. Kado sa a Granmèt,
se tout ti efò nou te kab fè
men ou konnen, se pa fòt nou
de twa ti defo glise ladan l: kenbe l' Granmèt.

2. Kado sa a Granmèt,
se tout travay ponyèt nou li ye ;
nou swe n' trennen pou nou ka wè
si jodi a li ta rapòte : kenbe l' Granmèt.

ADORE KWA PITIT BONDYE A

8

Adore kwa Pitit Bondye a

Nan kwa sa a nou jwenn lavi Bondye

Gras a san Jezu-Kri.

1. Peche n' te trò lou, nou pat kapab peye
Pitit ou vini, li sakrifye lavi l'.
Nan san Jezu-Kri, ou nwaye peche n'
Fò n' mouri avè l' pou n' reviv.

2. Depi batèm nou, nou mouri ak Jezu
 vin kache lan li pou n' ka leve avè l'.
 Se yon vi renmen Jezu propoze n'
 Fò nou reponn li pou n' jwenn ou.

3. Jezu-Kri tounen yon Sèvitè k' ap soufri
 li kache bèlte l', anpil moun meprize l'
 Se mizè nou yo li te pran sou do l'
 Se konsa Bondye delivre n'.

4. Sila ki kreye tou sa ki egziste
 kache pouvwa li, mechan kwè yo kraze l'
 Lè l' mouri sou kwa, li pot laviktwa
 L ap leve vivan pou tout tan.

5. Poukisa Jezu te oblije soufri
 pou l' rive rantr nan yon bèlte ki te pa l'
 S epaske l' te vle fè n' antre avè l'
 Malgre peche nou lan bèlte l'.

6. Kwa Jezu-Kri a ki drese sou tè a
 se sèl espwa nou, se nan li n' gen lavi.
 An nou medite soufrans Jezu yo
 Pou n' ka sipòte soufrans pa n'.

7. Menm jan Jezu-Kri apre li fin soufri
 travèse lanmò pou l' ale viv kot Papa a
 Se konsa tout moun k' ap pote kwa yo
 Ap Wa pou tout tan nan syèl la.

9 AH! QU'ILS SONT BEAUX

*Ah ! Qu'ils sont beaux sur la montagne
 Les pas de ceux qui portent
 La Bonne Nouvelle
 Qui annoncent le Salut et la Paix.*

1. Tout pouvoir m'a été donné au ciel et sur la terre
De toutes les nations faites des disciples.
Et moi, je suis avec vous tous les jours
Jusqu'à la fin des temps.

2. Proclamez l'Évangile du Salut à tous les hommes
Ouvrez-lui votre cœur, le Royaume est proche
Et moi, je suis avec vous tous les jours
Jusqu'à la fin des temps.

3. Annoncez aux captifs la liberté, la joie aux pauvres
Vous serez mes témoins sur la terre entière.
Et moi, je suis avec vous tous les jours
Jusqu'à la fin des temps.

AIMONS NOUS LES UNS LES AUTRES

10

1. * Aimons-nous les uns les autres
Et vivons comme des frères (2)
* Pour qu'au retour du Christ
Oui pour qu'au retour du Christ
Nous soyons tous préparés, la, la... (2)

2. * Quand ton frère a quelque chose
Contre toi, qu'il t'en souvienne (2)
* Va d'abord trouver ton frère
Va d'abord trouver ton frère
Et tu reviendras prier, la, la... (2)

3. * A ceci tu connaîtras
Que l'esprit en toi demeure (2)
* Si ton cœur est plein d'amour
Si ton cœur est plein d'amour
Pour les plus abandonnés, la, la... (2)

4. * Car la foi et l'espérance
un jour devront disparaître (2)
* Seul nous restera l'amour
Seul nous restera l'amour,
Qui était, qui est et vient ! (2)

11 AIMONS NOUS LES UNS LES AUTRES (R. Fau)

*Aimons-nous les uns les autres,
Comme Dieu nous a aimés.*

1. Jusqu'à en souffrir, *il nous a aimés.*
Jusqu'à en mourir, *il nous a aimés.*

2. Pour tous nos péchés...
Pour nos lâchetés...

3. Parce qu'il est bon...
C'est lui le pardon...

5. Vivons avec lui...
C'est fête aujourd'hui...

4. D'un amour vivant...
Comme ses enfants...

6. Chantons le Seigneur...
Et joie dans nos cœurs...

12 AL FÈ ROUT OU SATAN

*Al fè rout ou satan, men sa k' ekri
Se Bondye Granmèt ou pou adore
Se li menm sèl pou ou sèvi.*

1. Lespri a vin kondui Jezu nan savann nan
Li ret san manje karant jou ak karant nuit.
Dyab la vin eseye l' men li pa reyisi
Jezu kenbe fèm, li voye satan ale.

2. S'ou se Pitit Bondye, fè ròch sa a tounen pen
Jezu fè l' sonje moun pa viv ak pen sèlman
Men se ak tout paròl ki sot nan bouch Bondye
Jezu kenbe fèm, li voye satan ale.

3. Satan mete l' chita sou tèt kay sakre a
S'ou Pitit Bondye, wa jete kò ou anba ;
Zanj Bondye va kenbe w' yo pap kite w' tonbe.
Jezu kenbe fèm, li voye satan ale.

4. Dyab la vin mete li sou tèt yon mòn ki ro
 Li montre l' richès ak tout pouvwa ki genyen
 M ap fè ou kado sa s'ou lage kò ou atè.
 Jezu kenbe fèm, li voye satan ale.

5. Satan ap vin sou nou prèt pou fè nou tonbe
 L ap vin eseye n', menm jan li fè pou Jezu
 Fò nou pa badinen, fò nou pa plezante
 Se pou n' kenbe fèm e voye satan ale.

AL' ON ZANMI

13

*Al'on zanmi Bondye bay tout peyi,
 Tout ras ak tout koulè,
 Pou jèn ki san mwayen.
 Zanmi sila a yo rele l' Don Bosko,
 Tout vi l' se te pou jèn,
 Jèn pòv, jèn san fanmi !*

1. Li pase vi l' ap kreye patronaj
 ak entèna kote l' fòme jèn yo.

2. Li fonde Salezyen ak Salezyèn
 pou kontinye travay li kòmanse.

ALA BÈL MEZANMI

14

*Ala bèl mezanmi wi sa bèl, lè yon moun rankontre Jezu-Kri
 Pou l' aksepte ba li tout lavi li.
 Ala bèl mezanmi wi sa bèl, lè yon moun rankontre Jezu-Kri
 Pou l' deside suiv li nèt ale.*

1. Jezu rele nou pou n' mache avèk li
 si n' fè sa Paròl li mande, na rive.

2. Jezu se limyè k' ap klere nan fènwa
 pou nou mache nan chemen dwat, vin jwenn li.

3. Jezu se sous dlo k' ap koule sasn rete,
pou lavi nou grandi, pou n' pròp vin bwè li.

4. Jezu se renmen k' ap chèche tout fon kè,
pou nou viv ak kè kontan, vin jwenn li.

5. San Jezu koule anro kwa pou tout moun,
pou tout peche nou jwenn padon gade li.

6. Jezu se paròl Verite pou tout tan,
si nou vle lavi nou chanje, kwè nan li.

7. Jezu se pen k' ap bay lavi Bondye a,
pou nou tout gen lavi pou tout tan, vin manje.

8. Jezu chwazi nou pou n' travay avèk li,
pou n' suiv li san gade dèyè, fò n' lite.

15 ALA BON SA BON VRE (Psòm 132)

1. Ala bon sa bon vre, sa bèl anpil.
Pou nou viv ansanm tankou frè !
Se tankou larouze k' ap simen lavi,
K ap desann sou mòn Siyon yo.

2. Tankou luil bon lodè, tankou yon pafen,
Favè Bondye va kouvri nou.
Lè nou tout fè yon sèl, se Benediksyon,
se Lavi k' pap janm fini an.

16 ALA CHANS LI GEN CHANS

*Ala chans pou yon moun
Ki gade paròl Bondye a nan kè nou
Pou jan li pròp, jan li bon.
Wi, se chans pou yon moun kikontan
Mache dapre lòd Granmèt la ;
Peyi Wa a ki nan syèl la se pou li.*

1. Se chans pou moun kape viv nan lapenn
paske ya jwenn soulajman.

Se chans pou moun sa a ki pòv tout bon
Peyi wa a ki nan syèl la se pou li.

2. Se chans pou moun kape travay tout bon
pou kè tout frè l' yo poze.

Se chans pou moun sa a ki byen devwe
Peyi wa a ki nan syèl la se pou li.

3. Se chans pou moun kape manje mizè
poutèt sèvis Granmèt la.

Se chans pou moun ki gen kè li pròp
Peyi wa a ki nan syèl la se pou li.

ALA KONTAN

17

Ala kontan kè mwen kontan

Pou mwen resevwa

Manje vivan ki sòti nan syèl la (2)

1. Tankou pèp Juif la nan dezè a.
yo te kontan lè Bondye ba yo lamann nan.

2. Tankou nan gro ròch mòn Orèb la
Bondye te fè yon kokenn sous dlo eklate.

3. Tout sa se mèvèy Papa w' te konn fè
pou pèp ou a te kapab konnen jan w' renmen l'.

4. Men pi gro mèvèy, se Jezu w' bannou
se lamann et yon sous dlo k' pap janm fini.

5. Ak ti moso pen de ti pwason sèlman
li fè manje joustan dènye moun rasazyè.

18 ALA MÈVÈY SE RENMEN

*Men yon nonm ki pa gen parèy
 Ki bay vi li pou dènye moun
 Al'on mèvèy estròdinè se renmen.*

1. Mèvèy ki pa gen parèy
 mèvèy wi ki depase n'
 mèvèy ki fè m' bese tèt
 devan kokenn grandè sa a.

2. Lè yon moun renmen yon lòt
 li pa vle zepeng pike l'
 Si youn tonbe li mouri
 lòt la santi l' mouri tou.

3. Bondye tèlman renmen nou
 li bann sèl Pitit li a.
 Depi n' kwè nan Jezu-Kri
 N a viv nan lanmou san fen.

19 ALA RENMEN GRANMÈT LA RENMEN NOU

1. Ala renmen Granmèt la renmen nou
 Renmen sila a, se renmen san limit
 Li sot nan syèl, li desann sou latè
 Pou l' montre nou kijan pou n' renmen tou.

2. Pou Jezu-Kri montre jan l' renmen nou,
 Li bay lavi l' pou l' kapab sove nou
 Pi plis toujou li montre jan pou n' viv.
 Pou n' kab byen viv, ansanm ak tout frè yo.

3. An n' bay lanmen pou n' montre jan n' renmen
 ann di frè n' yo n' ap mache men nan men
 Si nou renmen jan Jezu-Kri renmen
 Bondye li menm va renmen nou pi plis.

ALA SOUFRANS ANPIL (Chemen lakwa)

20**1. STASYON**

Tout moun rele : « Kloure li sou kwa a »

Ala soufrans anpil

Tout moun rele : « Lage Barabas »

Ala soufrans gen pri

Jezu fremi men li aksepte

*Ala soufrans itil***2. STASYON**

Ak kwa a sou do l', l' ap peze monte

Ala soufrans anpil

Men sa ki lou se peche nou yo

Ala soufrans gen pri

Jezu peye pou nou jwenn padon

*Ala soufrans itil***3. STASYON**

Sovè nou an tonbe plat atè...

Nanm li chagrin jouk pou l' ta mouri...

Kote lòm fèb, se la Bondye fò...

4. STASYON

Soufrans pitit, se doulè manman...

Yo de ansanm sipòte menm jan...

Se yon sèl kè, yon sèl devouman...

5. STASYON

Dènye kreyen rankontre soufrans...

Jezu te di fòk nou pote kwa...

Si nou soufri, n' a gen rekonpans...

6. STASYON

Wi Jezu sal, wi li gen tan lèd...

Anba peche moun defigire...

Jezu soufri pou nou kab refè...

7. STASYON

Feblès lakòz tonbe nan chemen...
 Moun ki tonbe pa pou ret atè...
 Se fòs Bondye k' ap fè nou kanpe...

8. STASYON

Peche nou yo lakòz gro malè...
 Kriye pa kont, fò nou koriye...
 Jezu tonbe pou nou kab leve...

9. STASYON

Jezu tonbe, li pa kab ankò...
 Konsa malè konn kase kouraj...
 Men n' a leve pa pouvwa Bondye...

10. STASYON

Yo pran rad li pou yo separe...
 Vòlè konn pran tout sa nou genyen...
 Gade Jezu e n' a pran kouraj...

11. STASYON

Jezu kloure ak de malfektè...
 Ala ronte, ala repiyans...
 Men se tout mal ki kloure sou kwa a...

12. STASYON

Mari kanpe, kè l' ap dechire...
 Dlo benyen je l' tank li gen lapenn...
 Men li byen fèm paske l' an espwa...

13. STASYON

Nan kè Jezu, san ak dlo koule...
 Nan kè Mari, lapenn ogmante...
 Nan kè kretyen, lavi kòmanse...

14. STASYON

Jezu soufri, mouri, antere...
 Men l' ap leve pou l' leve tèt nou...
 L ap fè n' antre nan lavi san fen...

ALELOUYA AMÈN

21

Alelouya! Alelouya! Amèn! (2)
Alelouya! Alelouya! Alelouya! Amèn!

1. Tout moun an nou bat men
Alelouya! Amèn!

Bravo pou Jezu-Kri
Alelouya! Amèn!
Alelouya! Alelouya!
Alelouya! Amèn!

2. Bondye leve l' anlè... 5. Jezu monte nan syèl...
 Li fè l' chèf tout peyi... Nan mitan kout tronpèt...

3. Tout pèp yo anba men l... 6. Ann chante pou Jezu...
 tout puisans anba pye l... pou Wa nou n' ap chante...

4. Li ba l' yon eritaj... 7. Bravo pou Jezu-Kri...
 Se nou menm ki nan kè l... Pou Lespri l', pou Papa l...

ALELOUYA! ALELOUYA! FÒ NOU CHANTE

22

Alelouya ! Alelouya ! fò nou chante, fò nou fete.
Jezu te mò, li leve byen vivan
Lanmò peri, lavi triyonfe.
Viv ! Viv ! Rele viv Bondye nan syèl!
Viv kretyen ki kanpe ak Jezu-Kri !

1. Li te byen mouri, yo te pèse kè li
 Kadav antere depi vandredi
 Men, dimanch maten, anvan solèy leve
 Li chavire lanmò a, li kanpe vivan.
N ap di alelouya, glwa pou Bondye nan syèl !
Viv Jezu-Kri, Alelouya.

2. Medam yo ale, yo jwenn tonbo ouvè
De zanj te vini pou ba yo nouvèl
Jezu pa kraze anba talon lanmò
Men lanmò depafini anba pye Jezu...

3. Pyè ak Jan ale, yo wè lanmò mouri
Sa lanmò te vle, se pa sa li jwenn
Yo sonje paròl sa a Jezu te di yo
« Se mwen ki Rezireksyon se mwen ki lavi »...

23 ALLÉLUIA (Ce Jésus qui était mort)

Alléluia, Alléluia, Alléluia (2)

1. Ce Jésus qui était mort,
Dieu l'a ressuscité.
Nous en sommes tous témoins.

2. Ce Jésus qui est vivant,
Il fait notre unité
Nous en sommes tous témoins.

24 ALLÉLUIA CHANTEZ TOUS EN CHŒUR

*Alléluia, Alléluia, chantez tous en chœur
Alléluia, Alléluia, pour louer le Seigneur.*

1. Alléluia par l'orchestre, par les flûtes et les cordes
Le grand orgue, la trompette, les guitares et le violon.
Alléluia sur le rythme des cymbales, des tambours
Alléluia par les danses et par les chants de nos voix.

2. Ciel d'orage, étoile vive, galaxie et soleil.
Vent qui pousse les nuages, pluies d'été, nuage et brouillard
Océans, montagnes, fleuve, rivières au fond d'un vallon,
Fleurs et fruits bois innombrables chantez avec les oiseaux.

3. Dans nos maisons, nos églises, sur la terre comme au ciel,
Inventez de nouveaux psaumes, rassemblez-vous pour chanter.
Tous les peuples de la terre : citoyens et gouvernants,
Jeunes gens et jeunes filles, les vieillards et les enfants.

ALLÉLUIA, J'AI VAINCU LE MONDE

25

Alléluia (3) j'ai vaincu le monde.

1. Je suis venu dans le monde
il ne m'a pas reçu.
J'ai apporté ma lumière dans le monde
Pour qu'elle me serve de témoin.
 2. Vous êtes né de la chair
des œuvres d'ici-bas
Je vous ai fait renaître d'en haut
Pour avoir part à mon bonheur.
-

ALLÉLUIA, JE VEUX VIVRE MA VIE

26

*Alléluia, Alléluia, je veux vivre ma vie,
Je veux vivre ma vie, pour toi ô Seigneur.*

1. Voici mes rêves et ma fureur de vivre
et la chaleur de mon cœur de vingt ans.
Tout cet amour qui me grise et m'ennivre
Chanter vers toi, bondit comme un torrent.
 2. Voici encore toutes mes joies humaines,
de ce bonheur deviens le compagnon ;
viens écouter les disques que j'aime
et partager mes rires et mes chansons.
 3. Je cherche en vain quelqu'un qui me comprenne
lorsque parfois j'ai l'âme et le cœur lourd
alors je viens te raconter ma peine,
ne souris pas de mon chagrin d'amour.
-

27 ALLÉLUIA LE CHRIST EST VIVANT

Alléluia, le Christ est vivant

Alléluia, le ciel est bleu

Alléluia, le Christ est vivant

Alléluia, chantons notre joie, chantons notre joie.

1. Que cessent nos peurs, que sèchent nos pleurs
Passent nos douleurs, le Christ est vainqueur.
2. La mer traversée, la mort renversée
l'homme est libéré, le Christ l'a sauvé.
3. Sonne le réveil, crie de joie, soleil,
chante dans le ciel, chante la merveille.
4. O Dieu de bonté, Christ ressuscité,
Esprit d'unité, partout soit chanté.

28 ALLEZ DIRE À TOUS LES HOMMES

1. Ne voyez-vous pas ces infirmes qui marchent
Ne voyez-vous pas ces lépreux guéris
Ces gens accablés qui se remettent en route
Et ces morts vivants qui reprennent vie.

Allez dire à tous les hommes

Le temps de Dieu est arrivé

Voici venir son Royaume

Il est déjà commencé.

2. Regardez les yeux des aveugles qui s'ouvrent
dans leur vie se lève une aurore de foi
Ceux qui étaient sous roseau redécouvrent
Ces appels à l'aide qu'ils n'entendaient pas.
3. Ne voyez-vous pas ces montagnes qui tombent
Les ravins de haine sont enfin comblés
On a démoli les murs qui nous encombrant
Les gens de tout bord vont se rencontrer.

4. Ouvrez les prisons, rasez, les bastilles
pour que les captifs soient tous libérés.
Drogues et alcools passent derrières les grilles
Et nos chaînes d'or il faut les donner.

5. Voici les émois les doctrines en isme
pour que tous les hommes vivent libres enfin.
Brisez les écorces de vos égoïsmes
Et chacun pourra manger à sa faim.

6. Voyez ce banquet où le Seigneur appelle
les saints, les pécheurs, riches et mendiants.
Où les pauvres entendent la Bonne Nouvelle
Les théologiens parlent simplement.

ALLEZ JUSQU'À MA VIGNE

29

Allez jusqu'à la vigne (Alléluia, Alléluia)
Vendanger le raisin
C'est Dieu qui nous fait signe
Allez presser le vin.

1. Ma table est plus grande que le monde
plus longue que le jour,
C'est une table toute ronde
Pour y s'asseoir l'amour.

2. Ma nappe est plus blanche que la lune
plus ronde que le soleil,
C'est une nappe de fortune
Qui n'a pas son pareil.

3. Ma table est plus grande que personne
plus longue que les cieus,
C'est une table pour tout homme
Mendiant le pain de Dieu.

4. Ma table est plus grande que l'audace
plus grande que la mort,
Venez à table, prenez place
Dieu nous donne son corps.

30 ALLONS CRIER LA NOUVELLE

*Allons crier la nouvelle et partager notre chance
Témoïn, nous l'avons entendu.*

*Allons crier la nouvelle et partager l'espérance
Nous l'avons vu, nous l'avons entendu.*

- | | |
|--|---|
| 1. Sortons de nos fauteuils et de nos points de vue. Sortons de nos deuils De nos espoirs déçus Sortons de nos maisons Sortons les mains des poches, Tendons-les sans raisons A tous ceux qui s'approchent. | 2. Sortons de l'inconnu sortons de nos ornières, un homme ne veut plus d'une vie de misère. Un homme nous est venu Qui a transformé la terre Nous l'avons reconnu Il est vie de lumière. |
|--|---|

31 ALLONS DANSER

*Allons danser comme des gosses
Puisque là-bas on se marie.
Allons goûter le vin des noces,
Le vin sorti des mains de Jésus-Christ.*

1. C'est le printemps et c'est la fête,
prenons la route de Cana ;
là-bas pour nous la table est prête
Jésus nous rejoindra.

2. C'est le printemps et c'est la fête,
les invités sont arrivés.
Ils ont des chansons plein la tête,
Tout le vin est versé.

3. Soudain Marie s'est inclinée
vers son grand Fils aux yeux si beaux,
remplissons les jarres dorées
goûtons ce vin nouveau.

4. Tu nous invites à cette fête
tu es le maître du festin
et pour toujours la table est prête
au bord de nos chemins.

CODA : Allons danser avec les gosses
Pour que la joie soit dans nos vies
Allons goûter ce vin de noces
Le vin sorti des mains de Jésus-Christ.

AMI DE DIEU, AMI DES HOMMES

32

*Ami de Dieu, ami des hommes
Que ton nom soit béni !
La preuve d'amour que tu donnes
C'est d'offrir ta vie pour tes amis.*

1. Ecoute, le Seigneur t'appelle par ton nom
Rejoins les ouvriers de sa maison.
Il a besoin de toi, de ta force de tes bras,
La moisson abondante n'attend pas.

2. Ecoute, le Seigneur est là, ne crains pas
Il ne méprise pas la pauvreté.
Si tu demeures en lui comme il demeure en toi
Tous les âges se souviendront de toi.

3. Le Seigneur Dieu est Tout-Puissant de bonté
Il te délivrera de ton malheur.
Mets ton espoir en lui car c'est lui qui guérit,
Il ne t'oubliera pas si tu faiblis.

AMIS CHANTONS NOTRE JOIE

33

1. Nous avons tous le cœur en fête, *Alléluia*
car nous voici tous rassemblés, *Alléluia*
nous venons vivre la rencontre, *Alléluia*
avec Jésus dans l'amitié, *Alléluia, Alléluia, Alléluia.*

*Amis chantons notre joie,
Dieu est vivant, Alléluia !
Chantons Jésus, Dieu de lumière,
Alléluia, Alléluia.*

2. Dieu est amour, Dieu est lumière, ...
Nous pensons tous à nos amis, ...
Portons chacun dans la prière, ...
Ceux qui n'ont pu venir ici, ...

3. L'Esprit peut faire des merveilles, ...
dans notre cœur lourd par moments, ...
Jésus est là portant nos peines, ...
Il nous connaît, il nous comprend, ...

4. La joie transforme les visages, ...
La joie d'aimer et d'être aimé, ...
La joie de vivre le partage, ...
Dans la rencontre et l'amitié, ...

34 AMIS VENEZ VERS LE SEIGNEUR

*Amis, venez vers le Seigneur
Qui nous invite en ce jour
Ouvrons nos cœurs à son amour
Pour lui chantons en chœur !*

1. Il vient vers nous
que nos terres s'apprêtent
à l'accueillir en leur sillon
Il sèmera le grain de sa parole
Qu'il va faire grandir en moisson.

2. Il vient chez nous
Minuscule et sincère
Dans le grand vent de nos hivers
Mais, il sera un feu au cœur de l'homme
Pour incendier tout l'univers.

3. Il vient en nous
 Il se fait notre force
 Quand il nous remplit de l'esprit
 Nous devenons sa présence vivante
 Pour témoigner partout de lui.

4. Il vient vers nous
 Attendons qu'il revienne
 Comme un veilleur attend le jour
 Que dans nos cœurs, elle reste bien vive
 La flamme claire de l'amour.

AN N' AL POTE

35

*An n' al pote Bòn Nouvèl la,
 An n' al travay pou Granmèt la
 Nou te promèt Jezu tout sa
 Fò n' pa bliye promès se dèt.*

1. Leve kretyen an nou reveye
 Fò n' al pote Bòn Nouvèl la
 Pami nou pa dwe gen divizyon
 An nou mete nou an aksyon.

2. Nou gen yon fòs ki puisan anpil
 Se sila a nou rele lafwa
 Nou pa bezwen fè anpil kalkil
 Pou n' konvèti moun pil pa pil.

3. Nou chak se yon vye p' ti enstriman
 ki dispoze nan men mèt la
 Leve li lè pou nou reveye
 E n'a va wè puisans Bondye.

4. Fò n' pa met tròp sousi nan tèt nou
 N' ap mande kisa nou pral di
 Sa n' pi bezwen se dispozisyon
 E kite Bondye fè rès la.

36 AN N' AVANSE PANDAN LOFRANN NAN

*An n' avanse pandan lofrann nan,
 Mete sa nou genyen,
 Bay piti pa janm chich.
 Si nou bay pou nou fè grandizè,
 Nou pa bay frè n' ak sè n' yo,
 Bay sa a pa gen valè.*

1. Moun ki gen anpil, se pou n' pataje
 avèk moun ki gen anpil problèm.
 Si l' pa separe pou l' vini pi rich
 L' aprale tonbe nan rèl ak manje dan.

2. Se pou bay Seza sa ki pou Seza
 men pinga w' bliye sa ki pou Bondye
 Sa ki pou Bondye se tout byen sou tè a
